

# MUTAMBO WEHWAMANDA



[Imwe hama inoimba *Kristu Akaiswa Pachena*. Ungano inoimba *Tenda Chete—Mupepeti*] Ngatikotamisei misoro yedu.

Ishe, pane imwe nguva zvakataurwa, nevadzidzi veNyu vanodikanwa, “Tidzidziseiwo kunamata.” Nekuti patinoona Mwari mukuru weKudenga, tinocherechedza kuti hatina kukwana zvakadini. Saka tidzidziseiwo kunamata, Ishe, mumwoyo yedu zvino, nekuda kwezvinhu zvino—zvinozova nepundutso kuHumambo hweNyu nekuvaranda veNyu. Imi munoziva zvinodikanwa nemunhu wese ari pano.

<sup>2</sup> Uye padhesiki pano, mangwanani ano, pane mahengechepfu nemaapuroni, netunongova tumapasuru tudiki kubva kune vanoda betsero yepanyama, nezvemudzimba, uye nechero zvazvingava. Asi iMi muri Mwari, uye Mwari voga, Mwari vechokwadi voga varipo. Uye tinoKukumbirai muZita raJesu, Mwanakomana weNyu anodikanwa, kuti Mugopodza mumwe nemumwe weivava. Uye panogona kunge paine vamwe pano vasina hengechepfu pano, kana pasuru, vanoda kupodzwa.

<sup>3</sup> Panogona kunge paine vamwe kunze mudzinyika, dzakapota pasi rose, vekuti kunyange tepi ino ichazosangana navo mudzimba dzavo kana machechi avo. Tinonamata, Ishe, kuti apo shumiro ichienderera mberi, pa—pa...kana kuti tepi ichiridzwa, kana kuti pangave papi patingave tiri, kana—kana chinhano, dai Mwari vakuru veKudenga vakaremekedza kuperera uku kwemwoyo yedu mangwanani ano, uye vagopodza vane zvinodikanwa, vagopa kwavari zvakavari kunyatsoda.

<sup>4</sup> Tiropafadzei zvino mushumiro iri kuuya. Taurai nematiri, sezvisati zvamboitika, kuitira Humambo hwaMwari. Takamirira, muZita raJesu, iyo mhinduro yeNyu. Amen.

<sup>5</sup> (Mungandibatsirawo here neizvi?) [Hama Branham vanobvisa zvinhu papurupiti—Mupepeti]

<sup>6</sup> Zvakanaka kuva pano muchechi zvakare mangwanani ano. Uye ndanga ndichingotaura nedzimwe shamwari dzichangosvika kubva kuOhio, kune mumwe musikana mudiki, akaunzwa zasi kuno mwedzi mishoma yapfuura, akanga ari kufa nekenza yemuropa. Vanhu vacho vanga vari varombo chaizvo, vabereki vacho. Uye handina nguva mangwanani ano yekuverenga hu—huchapupu huchaenda mufaera. Asi heuno mufananidzo wemusikana wacho mudiki mushure memazuva 3, ndinotenda kuti ndizvozvo, mushure mekunge anamatirwa. Vanachiremba vakamupa mazuva 3 ekurarama, zvino mumazuva 3 akatevera vakashaya kana kamuhwezva kayo. Uye saka ari kuchikoro, ari kufara zvikuru. Ndine

chokwadi chekuti chechi inorangarira patakanga tinaye muno mukamuri.

<sup>7</sup> Uye zvakare kacheche kakaberekwa kaine ura, sekunge, hwaive kunze. Neimwe nzira vanachiremba, nechinhano chidiki ichi nezvaive zvakaite ura hwacho, hawaikwanisika kudzororwa zvakare. Vaitya kubata kamwana aka, kaingova kacheche kachangobva kuberekwa. Iye zvino, kamuchinda kacho katova neringaita gore rimwe chete, ndinodaira kudaro, zvakada kudaro, neura hwakaringana, zvinhu zvese zvakangoringana sezvazvingava. Dzinongova nyasha dzaMwari, kuti Vakanaka zvikuru kwatiri.

<sup>8</sup> Zvino, nhasi, ndanga ndichida kuzivisa kuti musangano watanga tichironga, ndanga ndichironga kuenda vhiki rino riri kuuya mu—muAfrica, mhiriko naHama Joseph Boze, kuKenya neTanganyika. Hatichakwanisa kuva nemusangano wacho, neteregiramu yakabva kuna Hama Boze, “Vhiki radarika 3 vemamishinari edu vakaurayiwa, nekupondwa.”

<sup>9</sup> Uye vane chimurenga ikoko zvino. Uye macommunist vari kupinza pfuti nerweseri kuvatema vemo, vachiti vane zvikepe zvehove zviriko ikoko, Red China neRussia; uye vari kupa pfuti kuvatema vemo, uye havazive zviru nani kunze kwekudzishandisa pane chero chinhu chavanoona kuti vashandise pachiri. Saka, ipapo, hu—hu—hurumende yacho yakafunga kuti hazvingava nehuchenjeri kuti tive nemusangano panguva ino. Uye sekunzwisisa kwanguwo, zvakare, kuti Hama Boze havasi kutokwanisa kuvhura chikoro chavo munzvimbo iyi, kwandanga ndiri kuzoenda, panguva ino. Asi hauna kukanzurwa, wangoiswa panguva iri mberi kusvika vagona kuita kuti kuve nerunyararo zvakare.

<sup>10</sup> Ndinofara zvikuru mangwanani ano kuona, pakati pedu zvakare, kwemakore akawanda vasipo, Hama Jackson, Hama Sidney Jackson naHanzvadzi Jackson, vanobva kuSouth Africa. Vataura here? [Hama Neville vanoti, “Hongu.”—Mupepeti] Uye vanhu ava vanga vari hama dzangu chaidzo nehanzvadzi, uye vashandidzani mumusangano kuSouth Africa, parwendo rwandakapedzisira kuendako. Zvinova kuti, tinovimba kuti rimwe zuva, nyenyasha dzaMwari, tichadzoka kunova navo zvakare, nokuti zvinodikanwa.

<sup>11</sup> Uye ndanga ndichiedza kwemakore 9 kuti ndidzokere. Asi, nokuda kwemasangano, nezvimwe zvakadaro, havasi kunditendera kuti ndidzokere. Saka ndakavanyorera tsamba nguva shoma yapfuura, uye ndikati, “Zvino ropa remweya iyoyo yakarasika ngarive pamuri kwete pandiri.” Nokuti, ndinotenda kuti Mwari vanga vachida kushandisa shumiro yangu ikoko, kuvanhu ivavo, kwenguva yakati kuti. Zvino nekuda kwemusiyano wavo wemasangano, havasi kunditendera kuti ndidzoke. Asi, zvakanaka, Ishe vachaona nezvazvo.

<sup>12</sup> Zvino, zvandiri kushuva kutaura mangwanani ano, kuti kana Ishe vachitendera, Hama Neville vandikumbira kuti ndive nemasevhisi nhasi manheru, zvino paTabhenakeri. Saka isu . . . Muri kukokwa. Uyezve Svondo inotevera, Ishe vachitendera, ndichange ndiri panowo, zvakare; zvichida kweSvondo 2 kana 3 dziri kutevera, nekuda kwekusavapo kweizvi, kuri kukanzurwa kwemusangano uyu wanga uchigadzirwa.

<sup>13</sup> Zvino, tinodawo kutaura, kuti, ndakati zvichida tingazoparidza Hwamanda Nomwe panguva ino. Taishaya kuziva kuti taizovyiita sei chaizvo nekuda kwekusakwana kwemakuriro echivakwa uye nekusavapo kwemichina inofefetedza, musina mhengo mukamuri macho. Haisati yagadzirwa nazvino kuti ive nemichina inofefetedza. Uye takaedza kurenda chikoro ichi kumusoro kuno, chine michina inofefetedza, chinogara vanhu vangaita . . . Oo, handizive; inzvimbo inonyatsokwana kugara zvakanaka, chikoro chakanaka kwazvo. Asi hatina chatakawana.

<sup>14</sup> Uye, zvaizodaro, kuti vaizotipa vhiki rinouya. Asi, vhiki rinouya? Munoono, kune vamiririri vari kuuya kubva kumativi akasiyana-siyana enyika; kubva kuJamaica, nekubva kuZvitsuwa, nekubva kuchamhembe, kunyange muSouth America, neCanada, neMexico, nemudzinyika dzose. Uye takatumira zviziviso neMuvhuro, saka havana kuzviwana kusvika pada musu weChitatu kana China; uyezve wokumbira nguva yekuzorora, nezvimwewo, izvo zvingazoita kuti zvinhu zvisafambe zvakanaka.

<sup>15</sup> Mavhiki anotevera, zvichienda mberi, kusvika nguva yechikoro, ndizvo, unofanira kuzviita husiku humwe chete, wombozorora zvichida husiku humwe kana 2, wotangazve, wozo . . . Hatina kukwanisa kuzviita. Hawaimbokwanisa kuzviita.

<sup>16</sup> Ndakashaya kuziva kuti sei, apo ini ndaive ndanamata zvakaperera. Uyezve yave nguva yekuti tidzokere kuArizona zvakare, kuti vana vaende kuchikoro. Uyezve isu . . . Ndaitaura nemudzimai wangu.

<sup>17</sup> Uye, zvinoka, nezuro ndakapinda mukamuri, uye ndikati, “Ishe, ndi—ndinogona kusashandisa mashoko akawanda kwazvo, asi, nzwisaisai, ndapota, Mwari, zvandinoreva mumoyo mangu. Dambudziko nderi kuti zvinhu zvose zvimire kuti ndiparidze Hwamanda idzodzo?” Zvino ndokubva Vauya vakazvizarura. Uye zvino, mangwanani ano, ndinoda kutaura nemi pamusoro pechikonzero kuti sei.

<sup>18</sup> Zvino ngativhurei maBhaibheri edu, isu vane maBhaibheri uye tichida ku—ku, kuvhura maBhaibheri edu. Tichatanga kuvhura kuna Revhitiko, chitsauko 23 chaRevhitiko.

<sup>19</sup> Kana Ishe vachitendera, nhasi manheru ndichaparidza pamusoro pechidzidzo: *Kuenda Mberi Kwemusasa*. Uye

ichange iri pfupi, uye kuti mugone kuwana nguva yekudzokera kunzvimbo dzenyu kuitira kubasa.

<sup>20</sup> Tinofara kuona vaenzi mukati muno, vanhu vanobva kunze kweguta. Vangani vanhu vekunze kweguta vari pano, apo takatarisa? Zvikamu 95 kubva muzana, ehe, zvikamu 98 kubva muzana zveungano. Saka, munoona kuti haisi Jeffersonville, vanhu vanotouya muJeffersonville, vanoita... Tiri pano nenyasha dzaShe.

<sup>21</sup> Uye zvino ndinoda kuverenga nzvimbo 3, mangwanani ano. Imwe yacho inowanikwa muna Revhitiko chitsauko 23, uye imwe iri muna Isaya 18, naIsaya 27, imi muri kuzvinyora pasi.

<sup>22</sup> Uye zvino panzvimbo yekuparidza...Ishe vachitendera, ndichadaro nhasi manheru. Asi ndinoda kudzidzisa, mangwanani ano, nezvemutambo wehwamanda 7. Izvo, mwedzi uno ndiwo mutambo wehwamanda 7, kutanga...uye unova mwedzi wechinomwe, waizova Chikunguru 15, kwaive kutanga kwemutambo wehwamanda, mumirawo yevaRevhi.

<sup>23</sup> Zvino, uye kana muine mapepa enyu nezvinhu, uye muchida kunyora pasi Magwaro nezvinyorwa, nezvimwe zvakadaro, patiri kuenderera mberi.

<sup>24</sup> Pane chimwe chinhu pamusangano uno, kuri kupisa, uye tazvijaira izvozvo mukufamba kwemakore. Asi mumwe munhu anogona kufunga kuti ndinotenda kuti patinopinda muchivakwa chino kuti tinomisa nguva, zvichida, zvino muchikamu, muchikamu muna Ziyendanakuenda, machengetero andinoita vanhu kwenguva yakareba. Handireve kuti zvidaro. Asi ndinotenda kuti tiri kurarama pedyosa neKuuya kwaJesu, zvekuti ndinofanira kutora mukana weminiti yega-yega yandinounza vanhu pamwe chete.

<sup>25</sup> Uye ndanga ndichifunga, pandanga ndichityaira ndichidzika nemugwagwa nguva shoma yapfuura, ndiri kunze kunonyengetera zvishoma ndisati ndapinda papurupiti, sezvinoita chero mufundisi upi zvake wechokwadi akaperera. Ndanga ndichifunga, “Munoziva, tiri kuva nenguva yakanyanyisa kubwinya patinosangana pano pamwe chete! Asi, uye vanhu vachiungana kubva kumatunhu akawanda, vagere muno zvino, kubva kure-kure, mazana nemazana emamaira, uye tinoungana pamwe chete kuti tiwadzane paShoko. Asi pachauya nguva, nenguva isipi, izvi pazvichazongova ndangariro dzinofadza.” Ndizvozvo.

<sup>26</sup> Nguva idzi tichadzitorerwa, saka naizvozvo tinofanira kuita zvose zvatinoziva kuita, kuita kuti iyi, miniti imwe neimwe, ive nebasa. Zvino fungai pamusoro pazvo zvino, tichitambura mukupisa kwemangwanani ano. Uye, munoziva, mutumbi wemunhu wese igwe—gwenya rinogadzira kupisa, pachawo, uye zvinoita kuti zvikuomere zvikuru. Uye, asi ndinoda kuti muwane Shoko.

Zvino, tisati ta—taverenga, ngatinamatei.

<sup>27</sup> Ishe, chero munhu upi zvake ari muno anogona kufambisa maoko ake, anogona kuvhura mapeji eBhaibheri rino. Asi pane Mumwe chete oga pakati pedu mangwanani ano anogona kuRizarura; ndiye Mweya Mutsvene mukuru, ari pakati pedu. Zarurai Shoko kwatiri, Ishe, patiri kuverenga, sezvaMakaita kuvadzidzi, vachienda munzira yavo kuEmausi, uye mukatanga kuvatsanangurira Magwaro. Uye dai isu, patinobva pano, tataura sevaya vachidzoka kuJerusarema kubva kuEmausi, “Mwoyo yedu haina kutsva here mukati medu paAnga achitaura nesu munzira?” Nekuti nemuZita raJesu tinozvikumbara. Ameni.

Ngatisimukei mukuremekedza Shoko.

<sup>28</sup> Zvino, chidzidzo changu mangwanani ano ndechekuti: *Mutambo WeHwamanda*. Ndinoda kuverenga zvino kubva pavhesi 23 yechitsauko 23 chaRevhitiko.

*Zvino JEHOVHA wakataura naMosesi, achiti,*

*Taura navana vaIsraeri, uchiti, Mumwedzi wechinomwe, nemuzuva rokutanga romwedzi, muchava nesabata, rangaridzo yekuridzwa kwehwamanda, ungoro tsvene.*

<sup>29</sup> Zvino, muBhuku raIsaya, kutanga nevhesi 1 yechitsauko 18, izvi zvinobatanidza izvi pamwe chete.

*Nhamo kunyika ine mumvuri wemapapiro, iri mhiri kwerwizi rweItiopia:*

*Inotuma nhume nenzira dzegungwa, kunyangwe namagwa enhokwe pamusoro pemvura, ichiti, Endai, imi nhume dzinokurumidza, kurudzi rwakapararira . . . rwakabviswa, kubva muvanhu vanotyisa . . . rudzi rwakanyungudutswa nekutsikwa-tsikwa, rune nyika yakakanganiswa nerwizi!*

*Uye imi mose vagari vepasi pose, nemi vagari vepanyika, tarirai, kana achisimudza mureza pagomo; uye kana achiridza hwamanda, inzwi.*

<sup>30</sup> Muna Isaya 27:12 na13.

*Zvino zvichaitika kuti nezuva iroro, kuti JEHOVHA achapura kubva mugwara rerwizi kusvikira pahova dzeEgipita, uye muchaunganidzwa mumwe nemumwe, O imi vana vaIsraeri.*

*Zvino zvichaitika kuti nezuva iroro, kuti hwamanda huru icharidzwa, uye muchauya imi vari kuda kuparara munyika yeAsiria, navakanga vadzingirwa kunyika yeEgipita, uye vachanamata JEHOVHA pagomo dzvene paJerusarema.*

<sup>31</sup> Ngatinamatei zvakare. Ishe, ropafadzai Mashoko aya kumwoyo yedu. Dai pfungwa dzedu nekufunga kwedu zvava maringe nekuraira kweNyu. MuZita raJesu. Amenii.

Mungagara henyu pasi.

<sup>32</sup> Pane zvinhu zvakawanda kwazvo izvo mufundisi angada kutaura kuungano yake yaanoda, zvevanhu vakasiyana-siyana vanobva kunzvimbo dzakasiyana, izvo zvingasatenderwa nekuda kwenguva.

<sup>33</sup> Zvino patiri kuswera pachidzidzo ichi, tinoda kuti munzwe kusununguka. Uye vazhinji venyu vakamira; zvino pandauya, mahoro anga akazara, nekunze kwemasuwo, nekumberi, nekupoterera chivakwa, nekupoterredza madziro. Saka, zvino, kana muchida kuchinjana zvigaro, zvinenge zvakanaka.

<sup>34</sup> Zvino, *Mutambo WeHwamanda*. Zvino, uku kwaive kuungana kweIsraeri, pavaiungana pamwe chete, mutambo wehwamanda.

<sup>35</sup> Zvino, ndanga ndichitarisira imwe nguva kuti—kuti nditaure pamusoro pechidzidzo cheHwamanda Nomwe muBhuku raZvakazarurwa. Uye zvino tiri kuzoongorora izvi, kwechinguvana, kuti tiburitse chikonzero changu chaicho chekusataura panguva ino, nokuti Mwewa Mutsvene hauna kunditendera panguva ino kuti nditaure pamusoro pezvinhu izvi. Ndinoziva kuti izvozvo zvinonzwika sehupwere, zvichida, kuvanhu vane dzidzo nekunzwisisa kukuru, asi kuMukristu zvakatosiyana. Tino—tinotevera kutungamirira kweMwewa, iko kwegwa.

<sup>36</sup> Zvino, ndakatanga kucherechedza pakuparidzwa kweMazera Manomwe eKereke, anova iwo pa—patani, kana kuti kufanotaurwa kwezvose zvaizoitwa naMwari kumachechi, uye kubudikidza nemachechi, nekuaisa panzvimbo dzawo.

<sup>37</sup> Zvitsauko 3 zvekutanga zveBhuku raZvakazarurwa zvinozarura zvose zvinoitika kuChechi. Zvino, kubva pachitsauko 3 kusvika pachitsauko 19 chaZvakazarurwa, hapasisinazve kuonekwa kweChechi. Chechi inoenda kumusoro pachitsauko 4 chaZvakazarurwa, yozodzoka zvakare pachitsauko 19 chaZvakazarurwa, Mwenga neChikomba, pamwe chete, vachiuya panyika. Uyezve kubva pachitsauko 19 kusvika kumagumo echitsauko 22, zvese izvozvo zviri pamusoro peMireniyamu nezvichazovapo mumakore anozoitvera. Mune chechi 4 kusvika kune chechi 19, Mwari vari kushanda neIsraeri.

<sup>38</sup> Zvino, ipapo, patakapedza nebhuku rechizaruro chechechi, zvakaitswa naMwari kumachechi 7 iwayo, aiva panguva iyoyo muhucheche hwawo, kana mumvuri wawo, muAsia Minor. Zvino Mwewa Mutsvene wakazarura ndokutizarurira zvakananzika zvose Imomo, nezvekuti Akapfuudza sei Chechi yaKe nemunhorondo. Uye kana musina *Mazera Manomwe*

*eKereke* patepi, zvingave zvakanaka kana mukateerera kwaari. Uye munguva pfupi achange ave mubhuku.

<sup>39</sup> Zvino ndokungozvisiya pane izvozvo, uye tichifungidzira kuti mushure mechinguva taizoparidza nezveZvisimbiso, ndisingazive kuti Zvisimbiso zvaivei.

<sup>40</sup> Ndaiva nepfungwa yangu ini pachangu, sezvinoita mushumiri wese, yekuverenga zvichida zvakataurwa nevamwewo varume; uye ndichitenda nepandinogona napo, pamwe chete navo, pane zvinhu zvavakanga vabuda nazvo, zvavaiti ndizvo zvacho. Ndakanga ndaverenga bhuku raVaSmith, Uriah Smith, vanova mudzidzisi weAdventist, uye ndakanga ndaverenga pfungwa dzavo—dzavo pamusoro pazvo. Uye ndakanga ndaverenga VaLarkin. Ndakanga ndaverenga, oo, vazhinji kwazvo vakasiyana-siyana, pazvinyorwa zvavo pamusoro peiZvi. Asi, neimwe nzira kana imwewo, ndakafunga kuti ndaiva ne—nekamwe kaonero kazvo, ini pachangu, kanogona kuzvibuditsa zvakasiyana. Asi ndichiedza pane imwe nguva, kungotaura zvidzidzo 3, chekutanga. . . kana kuti zvidzidzo 4 zvevatasvi 4 vemabhiza. Ndakaparidza nezvazvo husiku 4, humwe chete pabhiza rimwe chete, nehumwewo.

<sup>41</sup> Asi zvino panguva shoma zvisati zvaitika, ndakapihwa chiratidzo, chiri patepi, sekuziva kwenyu mose, *Madzichangamire, Inguvai?* kuti ndinofanira kuenda kuTucson, Arizona. Uye ikoko kuseri kwerenje, kumusoro mugomo, kwandaiva nedzimwe hama, ndokutaura pamusoro pekuputika kukuru kwaizoitika, zvino ini. . . Ngirozi 7 dzakadzika pasi. Ini ndichifunga, pachangu, kuti aive magumo ehupenyu hwangu; ndikaudza mudzimai wangu kuti abatane naBilly, uye nezvekuita nevana, nezvimwe zvakadaro, kusvikira tasangana zvakare kune rimwe divi.

<sup>42</sup> Zvino rimwe zuva muSabino Canyon, Mwari pava kandidatana rungwanangwana kumusoro ikoko, ndaive kumusoro ikoko maoko angu ari mudenga, ndichinamata, zvino munondo wakauya mumaoko angu. Munozviziva izvozvo. Ndakamira ipapo ndikautarisa, uchingovapo sezvingori ruoko rwangu iye zvino, ndisingazive kuti zvairevei. Zvino ndakasiwa neInzwi rakati, “Uyu ndiwo Munondo waMambo.” Uye zvadaro, pamberi apo, Ngirozi yaShe payakazvizarura, Raiva Shoko muruoko.

<sup>43</sup> Pakarepo mushure maizvozvo, Ngirozi dzaShe dzakaonekwa ndokutaura nezveHwamanda Nomwe. . . kana kuti Zvisimbiso Zvinomwe, kuti ndaifanirwa kuzodzoka kuno kuJeffersonville ndoparidza Zvisimbiso Zvinomwe. Uye, ipapo, kana ndakambotaura chimwe chinhu chakafemerwa, chaiva mune izvozvo. Ipapo Ngirozi yaShe payakasangana nesu, uye Bhaibheri rakabva rava Bhaibheri idzva. Ipapo Yakavhura ndokuzarura zvinhu zvose zvakanga zvasiwa nevavandudzi nezvinhu. Chakanga chiri chizaruro chakakwana chaJesu

Kristu, chitsva zvachose kwatiri, asi zvichinyatsoenderana chaizvo neGwaro. Rakanga riri Shoko iro rakagara riripo. Ndakanyatsofemerwa chaizvo pamwe nokutungamirirwa.

<sup>44</sup> Zvino pandakauya kuchikamu ichi pano, chekuperidza Hwamanda Nomwe, ndakafunga kuti, “Zvinoka, handisi kuzoedza kufunga kana chinhu. Ndichangomirira kusvika panguva iyoyo ndoVarega vachizvizarura kwandiri.” Uyezve nezuro pandakanga ndiri . . . ndakapinda mukamuri ndichishaya kuziva kuti sei . . . Kana kuti, ndiregerereiwo, aive marimwezuro. Pandakapinda mukamuri, kuti ndiedze kunzwisisa, paiva ipapo Mweya Mutsvene pawakazarura izvi, kundiratidza kuti sei zvisingabatsire kunyange kuChechi panguva ino, nokuti hazvinei nehekuita neChechi, zvachose.

<sup>45</sup> Zvino, zvakavanzika zvaKristu zvakavanzwa zvakazarurwa zvizere muZvisimbiso Zvinomwe.

<sup>46</sup> Zvakazarura, kutanga, Mazera Manomwe eChechi, zvikazarura mazera ndokuaisa panzvimbo yawo, zvese nenhorondo uye neBhaibheri, ndokuzviisa panzvimbo, zvazvaive chaizvo. Uye takazviwana isu tiri muzera rechechi rekupedzisira, rinova Zera reChechi yeRaodhikia, iro raive rakaora kupfuura mazera ose echechi. Kunyangwe kubva pakutanga chaipo, kubva kuvaEfeso, raive zera guru rechechi.

<sup>47</sup> Uye zvakare kuti, pano, Mweya Mutsvene uchindipa chiratidzo, uye nekuona zvaizoitika, ndakadhirowa pabhodhi, makore 2 akapfuura. Hezvinoi izvi kumusoro kuno kwezvacadhirowewa, kuti Chiedza chakanga chichidzima sei panyika, izvo zvaizova nzira chaiyo iyo Chiedza chakauya panyika, seEvhangeri, uye kuti Chaizodzima sei pakupinda nepakubuda. Ndisingazvize, panguva iyoyo, kuti zvairevei uye kuti zvaizovei.

<sup>48</sup> Asi nyika huru yemubatanidzwa wemachechi yaive ne—nemusangano neRome; uye Rome, inova iyo amai vemasangano ose. Papa, kekutanga munhorondo, akasiya Vatican ndokuenda kuJerusalem nenzvimbo dzakawanda. Zvino, Jerusalem ndiyo chigaro chekare chechinamato chedu chose, iJerusalem. Uye muchigaro ichi chekare, papa anobva kuRome, ainge ari muvengi mukurusa weChechi nguva dzose, anobvako kuti auye kuzoshanyira Rome . . . kana kuti kubva kuRome kuenda kuPalestine, Jerusalem.

<sup>49</sup> Uye sezvatinooona, ndisiri munhu akadzidza, ini pachangu, ndisingazive ma—mazwi uye nemataurirwo awo, ndakagara ndichidzidzisa nemifananidzo, nemaitiro ezvisikwa. Zvisikwa zvinotevera zvisikwa. Zvisikwa ndezvaMwari.

<sup>50</sup> Kana ukatora nguva yekuti mombe, dziri mumunda, dzose padzinoungana pamwe chete mune imwe kona yemunda, itobvisa hako chirauro chako kubva mumvura; hove hadzitodyire. Haumbofa wakadzibata; munoona, mombe

dzinenge dzakazorora; kunze kwekunge watochidonhedzera pasi chaipo parwo. Asi kana mombe dzaenda kunodya, tarisa. Nguva imwe chete mombe padzinodaro, shiriwo zvakare dzinoenda kumiti; dzinobva dzarega kudya. Munoono, zvisikwa. Zvose zvinopindirana pamwe chete. Munocherechedza nyuchi, panguva iyoyo, dzinonziririka pamusoro pehuchi hwadzo, dzisiri kuhuunganidza. Zvisikwa zvese zvinoshanda pamwe chete.

<sup>51</sup> Uye nokudaro, sokuona kwatinoita muti uchidonhedza shizha, nenguva isipi zvino, mumwedzi mishoma inotevera, shizha richabva pamuti. Uye hu—hupenyu, muto wacho, unodzika mumudzi. Uye shizha remuti rinodonha rowira pasi uye roora. Zvino calcium ne—nepotashi, uye zviru mushizha remuti, zvinoora muvhu. Zvino chii chakaitika? Hupenyu hwakatungamira mberi kwaro, uye hunorikweva zvakare mahuri ihwo, uye hugodzosa shizha iroro zvakare. Izvozvo rufu, kuvigwa, nerumuko.

<sup>52</sup> Uye zvisikwa zvose! Uye mwedzi ndiwo—ndiwo mudzimai wezuva. Ndiwo chiedza chidiki chacho. Uyezve, zvakare, kuti kana zuva richinge raenda, kana zuva risipo, mwedzi unopa chadzera chechiedza panyika, inova mufananidzo wechechi. Zvino papa paakasimuka, muvengi wekare wechechi, uye ndokusvika kuJerusalem, inova chigaro chechechi; iyo, Jerusalem itsva neJerusarema rekare; tinocherechedza, zvisati zvaitika, pakava nekuora kwemwedzi zvachose.

<sup>53</sup> Uye mumapepa, munyika yose sezvatinazvo pabhodhi, zvakararidza kuti mwedzi iwoyo wakashanduka sei kubva pakuva chiedza uchiva rima. Uye chiitiko chacho chazvo, chekuti mwedzi iwoyo wakadhirowa chaizvo, mumatenga, chinhu chimwe chete icho Mweya Mutsvene wakandiita kuti ndidhirowe pano makore 2 apfuura, uye nokuraidza... kufukidza... Pakatorwa mifananidzo 6, ini ndakaisa wechi 7 ipapo, nokuda kwezera rechechi rechinomwe, richingova haro nemumvuri weChiedza, kuenda kwe... Ndeapo Jesu, ari pamukova, achigogodza. Asi rinopinda murima guru.

<sup>54</sup> Uye chadzera chakadini, iMharidzo yakadini kubva kuna Mwari pachaVo, kuti zvinhu izvi iChokwadi! Vakazvipupurira kutanga muShoko raVo, tevere neMweya papuratifomu, ndokuzozvzivisa mumatenga. Hapana kukanganisa pazviri zvachose. Zvisimbiso izvozvo neMazera zviru mumutsara chaimo, zvakakwana, Mwari vachipupurira nezviratidzo nezvishamiso zvepamweya, neShoko nenhorondo, zvose zvakabatanidzwa pamwe chete, muzera ratiri kurarama mariri zvino.

<sup>55</sup> Zvino zvakaoma kuti machechi aone izvi. Zvakaomera masanganano kuti azvione. Vanogara vachiedza kufunga kuti uri kuedza kungopoterana vanhu. Hausi kudaro; uri kuedza

kuyambira vanhu. Hakusi kuedza kuva munhu akaipa kwavari; uri kuedza kuvabvisa pane zvakaipa. Havasi vanhu vari mumasangano; hurongwa hwavari mahuri, huri kuvapa mhosva. Vanhu vakatendeka, vakaperera maKatorike, maProtestanti, maJudha, nevamwewozve. Vanhu avo—avo . . .

<sup>56</sup> Masisita havaende kuzvikoro zvemasisita kuti vave vakadzi vakashata; vanopindamo kuti vave madzimai akanaka. Vari kutoedza kuswera pedyo naMwari, asi hurongwa hwacho hunovasvibisa. Vanhu vanojoinha chechi, kwete kuti ave munhu akaipa, asi ave munhu akanaka. Asi hurongwa hwechechi yacho hunovabvisa paShoko nenheyo dzakaiswa naMwari dzezuya ranhasi; uye ndizvo zvinovabuditsa.

<sup>57</sup> Zvino rangarirai, Mwari ndivo Shoko, uye zera roga-roga Vakagovera Shoko kuzera roga-roga raizova panyika. VakaRigovera muzera rechechi, uye Zvisimbiso Zvinomwe zvakarurura chikamu chaRo chose. Maona?

<sup>58</sup> Sei paiva . . . paive nezvakavanzika zvaive zvichakavanzwa? Zvakazarurwa 10, tinoona, pakupera kweMharidzo yemutumwa wechinomwe, kuti, zvakavanzika izvi zvanga zvakavanzwa zvaizozarurwa, Zvakazarurwa 10:1 kusvika 7. Cherechedzai, chikonzero ndechekuti kwakanga kusina vaporofita muzera iri. Bhaibheri rakataura, kuti, “Mwari havana chavanoita kusvikira Vazvizarurira kuvaporofita vaVo, varanda vaVo, vaporofita.” Uye Shoko raShe mumazera ose ragara richiuya kuvaporofita, kwete kune humwe hurongwa, kwete kune rimwe boka.

<sup>59</sup> Mwari havana kumbobvira vakashandisa rimwe boka. Nguva dzose rimwewo boka revanhu parakaita sangano, Mwari vakarisiya uye havana kumbobvira vadzoka. Nzverai nhorondo muone kana zviriri izvo kana kuti kwete. Takatozviita kare. Havambofa vakashanda nehumwewo hurongwa kana rimwewo boka, mushure mekunge vaita sangano; zvinopesana naMwari.

<sup>60</sup> Naizvozvo, munguva yekuvandudzwa, kwakauya vavanduzi, sekuratidzwa kwazvakaitwa neZvisimbiso Zvinomwe kuti ndizvo zvazvaiva. Asi mumazuva ekupedzisira zvino, zvaifanira kuzarurwa zvakare. Nokuti, tinoona muMagwaro, muna Maraki 4, kuti panofanirwa kuva nechizoro chinoburuka nekudzoreredza zvakare Kutenda ikoko kwepakutanga, “nekudzosa kutenda kwevanhu kupentekosti yepamavambo, Kutenda kwemadzibaba.”

<sup>61</sup> Uye takatora Eria wepakutanga; tikatora Erisha anomutevera; tikatora Johane Mubhabhatidzi shure kwaizvozvo, uyo akanga ari Erisha wezuva iroro; nevimbiso yemumwewo muzuva rino.

<sup>62</sup> Zvino, Johane Mubhabhatidzi akanga asiri Erisha waMaraki 4. Akanga ari Erisha waMaraki 3. Jesu akataura kudaro. “Tarirai, Ndinotumira mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, kuti agadzirire nzira.” Tinomuona ari izvozvo.

<sup>63</sup> Zvino, mukuita izvozvino, mukuwana nzvimbo idzodzo, tinoziva kuti mamwe Magwaro ose, akafemerwa naMwari, anozarura kwatiri kuti tiri muzuva rekupedzisira.

<sup>64</sup> Zvino, kana ndikauya nemharidzo yePentekosti, ndinenge ndiri muZera reChechi yeRaodhikia, uye hazvingave zvakanaka.

<sup>65</sup> Ndicho chikonzero Wesley asina kukwanisa kutora mharidzo yaLuther. Luther aive mune rimwe zera, zera rechechi, uye Wesley aive mune rimwe zera rechechi. Dai Jesu akauya mu... nemharidzo yaMosesi, ingadai isina kushanda. Dai Mosesi akauya nemharidzo yaNoa, ingadai isina kushanda.

<sup>66</sup> Asi Mwari vakagovera kuvanhu vaVo—vaVo—vaVo, vezera roga-roga, rimwe Gwaro. Uye zera racho risati ravepo, munguva, zvino machechi anenge atozvivhiringidza zvekuti ivo—ivo havazive kuti vari papi chaipo.

<sup>67</sup> Ndicho chikonzero vachitadza kucherechedza Jesu kunge ari Mwanakomana waMwari. Ivo, tsika dzavo dzakanga dzapofomadza meso avo, asi Ainyatsoenderana neGwaro.

<sup>68</sup> Vaporofita vaiva zvimwe chetezvo. Jesu akati, “Ndiani pakati penyuru, pamadzibaba enyu, asina kutaka vaporofita nemabwe vakatumwa kwamuri?” Zvino Mwari vanotumira muporofita waVo, kune...uye muporofita iShoko raMwari rinorarama, raratidzwa.

<sup>69</sup> Jesu akati, “Ko mungaNdiwanira mhosva chirudzii, pakutaura kuti, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari,’ uye muchidana, mumirawo yenyu pachenyu...Makati, avo vakavingwa neShoko raShe,” vaive vaporofita, “makavadana kuti ‘vanamwari.’ Uye ndizvo zvavari, nokuti Magwaro haagone kutyorwa,” Akadaro. “Zvino munoNdipomera chirudzii?” Kana iYe ari...Vaiva chikamu chemurawo, vaiva chikamu cheShoko raMwari, asi Jesu aive huzaro hweShoko raMwari. Zano raKe rose rerudzikinuro, kukwana kwese kwaMwari, kwaiva maAri.

<sup>70</sup> Uye zvino, kubudikidza nemumazera echechi, vakaita zvimwe chetezvo. Zvino Zvisimbiso Zvinomwe zvinofanira kuzarura zvakananzika zvose zvakasiiwa munguva iyoyo, nokuti hatange tiine vaporofita, uye Shoko hariuyi kuvavandudzi. Vaporofita!

<sup>71</sup> Mwari havashanduki. Muna Maraki 3, vakati, “Ndini Mwari, uye haNdishanduki.” Nzira yaMwari yekutanga yekuita chimwe chinhu, ndiyo nzira yaMwari pose zvapo yekuitawo chimwe chinhu. Mwari vakasarudza kuti Vaizoponesa munhu neRopa rakadeurwa reUyo asina mhosva, mubindu reEdheni, uye haVana kumbobvira vazvishandura kubva ipapo, uye havagoni kuzvishandura. Takaedza, nedzidzo, nezvivakwa, nehurongwa, nemasangano, nezvitevedzwa, nezvimwe zvose, uye zvose zvakanondika. Asi pane nzvimbo imwe chete iyo Mwari vanosangana nemunhu, ndipo, pasi peRopa rakadeurwa

reUyo asina mhosva. Zvinongova kubudikidza neRopa chete! Ndiyo yaive sarudzo yaVo yepakutanga. Maona?

<sup>72</sup> Tinogona kuita sarudzo, uye gore rinouya tinogona kufunga zviri nani. Tine imwe pfungwa iri nani pamusoro pazvo, gore rinouya. Mwari havagone; haVana magumo. Sarudzo yavo yekutanga yakatokwana; hapana chinogona kuifambisa. Ndinogona kuwedzera kudzidza; tine patinogumira. Ndinogona kuwedzera kudzidza; unogona kuwedzera kudzidza. Asi Mwari havagoni kuwedzera kudzidza; Vakakwana, kubva pakutanga. Uye, nokudaro, sarudzo yaVo yepakutanga, zorodza mweya wako pairi. Zvinotaurwa neBhaibheri, ndizvozvo!

<sup>73</sup> Mwari vachatotonga nyika rimwe zuva. Uye maKatorike vanoti Vachaitonga nechechi yeKatorike. Kana zvakadaro, chechi yeKatorike ipi yacho? Vanopesana, mumwe nemumwe. Kana mukazoitonga neProtestanti, ichечи ipi yeProtestanti? Dzakasiyana, imwe kubva kune imwe. Uye zvinenge zvichitoti vhiringidzei zvisoma; hapana aizoziva pekumira. Kana muMethodisti ari iye ari raiti, muBaptisti akarasika. Kana muProtestanti ari iye ari raiti, muKatorike akarasika; muKatorike ari iye ari raiti, muProtestanti akarasika.

<sup>74</sup> Asi Bhaibheri rakataura kuti Vachatonga nyika naJesu Kristu, uye ndiYe Shoko. Zvino, Vari kuzoitonga neShoko.

<sup>75</sup> Uye masangano ose akabva paShoko iroro, kuti vagadzire zvitendwa zvavo. Ndinongokumbira chero ani zvake kuti andiratidze pachopavanotora Shoko rakazara. Havakwanise kuzviita, nekuti zvinotungamirirwa nehurongwa hwevanhu. Pamaine vanhu. . .

<sup>76</sup> Mwari havana kumbobvira vakashanda kunze kwekunge ari munhu mumwe chete panguva imwe chete. Havana kumbobvira vakava ne vaporofita 2 panguva imwe chete. Mumwe! Mwari vanogona kuisa munhu mumwe chete muruoko rwaVo. Havashande newe. . . sangano rako; Vanoshanda newe.

<sup>77</sup> Zvino, pahwaro ihwohwo, tinouya kumutambo wehwamanda, zvakananzika zvakananzwa. Zvakaporofitwa kuti zvaizova saizvozvo, naizvozvo zvaifanira kuzarurwa nenzira yazvakaitwa. Asi kuti zvizarurwe muzuva rino rokupedzisira, kuzadzisa chaizvo zvandichangobva mukutaura, Maraki chitsauko 4, Ruka chitsauko 17 nevhe—vhesi 30, kuti Aizozviita sei, uye VaHebheru 13:8, VaHebheru 4:12, neMagwaro mazhinji iwayo anotiudza. Zvino, kana zviri zvitsva kune vamwe venyu, regai nditaure kuti Mwari nguva dzose. . . Nzira iyo Mwari vanozivikanwa nayo pakati pevanhu ndeyekunge vari muporofita.

<sup>78</sup> MaJudha vakagara vachiziva kutenda vaporofita vavo. Vakati, “Kana paine mumwe pakati penyu, iNi Jehovha ndichataura naye muzviroto zvemweya nemuzviratidzo.

Uye, zvaanotaura zvikaitika, zvadaro munzwei.” Vakagara vakadaro . . .

<sup>79</sup> Ndiwo matadziro avakaita kuziva Jesu, uye vakaMuisa muboka rechimwewo chinhu, saka vakaMuita mweya wakaipa, “Bherizebhabhu,” nokuti Aikwanisa kunzvera pfungwa dzaive mumoyo yavo. Tinoziva nguva dzose kuti ndicho chiratidzo cheShoko.

<sup>80</sup> VaHebheru chitsauko 4, vhesi 12, rakati, “Shoko raMwari rinopinza kupfuura munondo unocheka nekumativi maviri, uye munzveri wemifungo nezvinangwa zvemoyo.”

<sup>81</sup> “Kana iYe Mweya Mutsvene achinge auya pamuri, Achakurangaridzai zvinhu izvi zvaNdakataura, uye achakuratidzai zvinhu zvichazouya.”

<sup>82</sup> “Mwari munguva dzekare, nenzira zhinji,” VaHebheru 1, “vakataura kumadzibaba kubudikidza ne vaporofita, mumazuva ano ekupedzisira kubudikidza neMwanakomana waVo, Jesu Kristu.” Mwari vamwe chete, vakangoshandurwa kubva kuvaporofita kuenda kuMwanakomana. Ndizvo zvoga. Maona? Nguva dzose iMharidzo imwe chete, nzira imwe chete yekuzviita nayo.

<sup>83</sup> Zvino, zvakaporofitwa kuti machechi aizova muchinhano ichi, aifanira kudzoreredzwa zvakare. Uye Vakati, muna Maraki 4, kuti Vaizo “tumira Eria muporofita, uye aizodzoreredza va—vanhu zvakare,” ne . . . kuiunza. Cherechedzai. Uye nguva pfupi pasati . . . Kana kuti, mushure chaimo meMharidzo yake, pachava nenguva yekuti nyika ichatsva, uye vakarurama vachafamba napamusoro pemadota acho.

<sup>84</sup> Zvino, kune mumwe mudzidzi webhaibheri anogona kunge achiteerera patepi, pane imwe nzvimbo yepasi rose, kana uchifunga kuti uyu akanga ari Johane, rangerira, zvino, Magwaro akakanganisa, nokuti nyika haina kutsva mushure memharidzo yaJohane. Jesu haana kuuya kuzatora vanhu muMireniyamu; asi Akavimbisa kuzviita mushure mekunge Mweya waEria wauya panyika zvakare.

<sup>85</sup> Cherechedzai zvino muna Maraki 4, tinoona pano kuti izvi zvinofanira kuitwa kudzoreredza (chii?) kutenda kwevanhu kuchidzokera kumadzibaba epakutanga, Dzidziso yepentekosti, madzibaba epamavambo. Uye achadzoreredza vanhu kumadzibaba.

<sup>86</sup> Tinoona muna Ruka 17, Jesu akataura kuti paAnouya mumazuva ano ekupedzisira, Ruka 17:33, tinoona kuti Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuva kweMwanakomana wemunhu, Mwanakomana wemunhu paachange achizarurwa.”

<sup>87</sup> Zvino cherechedzai, Anouya muzita remwanakomana katatu. Anouya muzita reMwanakomana waDhavhidhi . . .

Kana kuti, Mwanakomana wemunhu, Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waDhavhidhi.

<sup>88</sup> Zvino, Akatouya seMwanakomana wemunhu, nekuti Aiva Muporofita. Jehovha, pachaKe, akadana vaporofita kuti, “mwanakomana wemunhu.” Uye Jesu haana kumbobvira akazviti iYe Mwanakomana waMwari. AkaZvidana, nguva dzose, seMwanakomana wemunhu. Zvino cherechedzai, AkaZvizarura panguva iyoyo seMuporofita, Muoni. Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka musazvitenda.” Akazadzisa tsananguro yose yakataurwa nezvaKe muMagwaro, kunyange kurufu rwaKe, kuvigwa, rumuko; kurovererwa kwaKe, kuzvarwa kwaKe, zvese. Uye nemubasa raKe, Akazadzisa tsananguro yeMuoni, Mwanakomana wemunhu.

<sup>89</sup> Zvino Akazarurwa nemumazera echechi, zvino tarisai, nemumazera echechi, seMwanakomana waMwari. Mwari vari Mweya, Mweya Mutsvene, VakaZvizarura mumazera echechi se, muungano, seMweya Mutsvene uri pakati pevanhu.

<sup>90</sup> Tinoona, muZera reChechi yeRaodhikia, zera rechechi rekupedzisira, Akabuditswa kunze kwechechi. Hapana kumwe kwaAkambobuditswa kunze, muzera ripi zvaro, kunze kweZera reRaodhikia. “Nokuti, vakati, ‘Takapfuma uye hapana chatinoshaya.’ Uye usingazvize kuti wakasuwa, uri murombo, hauna kusimira, uye uri bofu, uye hauzvize.” Akadzingerwa kunze kwezera rechechi.

<sup>91</sup> Uye zvakare, maringe naRuka 17, Akati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” Zvino, Aiverenga Genesi imwe cheteyo yatinoverenga. Cherechedzai, paSodhoma, zvakaitika. Chaiva chii muSodhoma? Abrahamama . . .

<sup>92</sup> Panogara paine mapoka 3 evanhu. Paiva naAbrahama, musanangurwa uye akadanwa, ari kunze kweSodhoma pacharo. Paiva naRoti, nhengo yechechi, kana kuti murume wesangano, zasi; akava chikamu chenyika iyoyo, nokutova meya weguta, akagara pasuwo; ndiye akanga ari mutongi, anova meya. Zvino paiva neSodhoma racho, pachezvaro.

<sup>93</sup> Zvino, panguva yemanheru, kana kuti pakati pezuva, Abrahamama paaive pasi pemuoki wake, Ngirozi 3 dzakauya kwaari. Vaviri vavo vakaenda kuSodhoma, ndokuparidza Evhangeri uye vakaedza kuvadana kuti vabude. Havana kuzviita; vakanga vakatsveyama. Roti, nemudzimai wake, chete, nevanasikana vake 2, vakatanga kubuda. Zvino mudzimai ndokushanduka kuva churu chemunyu.

<sup>94</sup> Asi Uyo akasara achitaura naAbrahama, uyo Abrahamama waakadana kuti, “Elohim, Samasimba.” Genesi 1, “Mwari! Pakutanga, Mwari,” Elohim, uyo—Uyo Akazvikwanira muna Zvose, Uyo anozviraramira ari Oga. Abrahamama akaMudana kuti, “Elohim.” Zvino Akagara pasi ndokudya naAbrahama; Akanwa;

Aitova munyama yemunhu. Zvino tarisai chiratidzo chaVakapa Abrahamama.

<sup>95</sup> Zvino, vaitarisira mwanakomana ari kuuya, mwanakomana akavimbiswa, Isaka. Makore 25, parwendo rwakareba, vakanga vamutarisira, asi vakanga vari pamagumo erwendo rwacho. Mwari vakanga vaonekwa muzvimiro zvakawanda, sezvaVakamboita mumazera echechi, muZviedza, nezvimwewo zvakadaro, sepaVakataura kuna Abrahamama, uye nemanzwi. Asi nguva pfupi mwanakomana aiuya asati asvika... Zvino takapfuura nemazviri, uye munoziva kuti ndiri kungodzokorora, kuti ndisvitse izvi kwamuri. Kuti, Vakashandura mutumbi waAbrahamama naSara, pakarepo mushure meizvi, kuti vakwanise kugamuchira mwanakomana wacho.

<sup>96</sup> Cherechedzai, chiratidzo chekupedzisira chavakawana, mwanakomana asati asvika, chaiva Jehovha vachitaura navo vari muchimiro chemunhu. Uye kuziva kwavakaita kuti uyu aive Jehovha, nokuda kwekuti Akati, "Abrahamama," kwete Abrama. Mazuva mashoma kumashure, Mwari vakanga vashandura zita rake. "Mudzimai wako aripi, Sara?" Kwete S-a-r-r-a; asi S-a-r-a, "mukunda wamambo."

Zvino Abrahamama akati, "Ari mutende, shure kweNyu."

<sup>97</sup> Uye Vakati, "Ini," chisazitasingwi ichi, "Ndiri kuzokushanyirai maringe nevimbiso yaNgu. Panguva yehupenyu, mazuva 28 anotevera, chimwe chinhu chichaitika kuna Sara."

<sup>98</sup> Zvino Sara, ari mutende, akanyemwerera mukati make, ndokuti mumoyo make, "Ko izvi zvingaitika sei, ndichiona kuti ndakwegura; uye ndofara nashe wangu, uyo atokwegurawo zvakare, Abrahamama?"

<sup>99</sup> Zvino Ngirozi iyi, kana kuti, Murume uyu akati, "Sei Sara ataura izvozvo mumoyo make?" Mutende riri shure kwaKe! "Sei ati zvinhu izvi hazvigone kuitika?" Maona? Murume ari munyama yemunhu, semuporofita, asi zvakadaro Aiva Elohim achinzvera pfungwa yaiva iri mumoyo waSara, aive shure kwaKe.

<sup>100</sup> Zvino Jesu akati, "Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuuya kwekuguma kwenyika, apo Mwanakomana wemunhu," kwete Mwanakomana waMwari, "apo Mwanakomana wemunhu achange ozarura."

<sup>101</sup> Vakanga vasina kumbova nazvo nemuzera racho. Munoono here kuenderera mberi kwakakwana kweMagwaro? Pano tiri kurarama mazviri. Zvakavanzika: kunyange zverubhabhatidzo muZita raIshe Jesu, uye kure nepfungwa yeOneness; nezvimwe zvinhu izvi, kuti Mweya Mutsvene wakazvifambisa sei ndokuzviratidza zvakakwana; neRubhabhatidzo rwechokwadi rweMweya Mutsvene, Chiratidzo, nezvose, ndokuzviisa panzvimbo; uye kuti Akaisa sei muvandudzi wese panzvimbo

nezvose, zvingori chaizvoizvo. Uye, munoona, pamberi pemaziso edu chaipo, uye hazvisi mune imwe kona. Zvinotozivikanwa pasi rose. Jesu, Mwanakomana waMwari, achiZvizarura neMagwaro, achiita kuti Gwaro iroro (rakafanotemerwa kuzuva *rino*, sezvaraiva kuzuva *iroro*, *nemamwe* mazuva ose) rirarame. Uye kuRitenda, ndicho chiratidzo cheMweya Mutsvene.

<sup>102</sup> Kururama, haugone kutaura kungoti “kuenda kuchechi” ndicho chiratidzo cheMweya Mutsvene. Kana ukadaro, zvino vaFarisei ivavo vaiva naWo. Maona? Haugone kutaura kuti “kuzunguzika kana kusvetuka” kuri iko. . . Kana ukadaro, vahedheni vanaWo. Kana ukati “kutaura nendimi,” ndekupi—ndekupi kunamata dhiyahbore kusingataure nendimi? Ndiudzei mumwe.

Hama Jackson vagere pano vekuAfrica, vanobva kuAfrica, vanogona kukuudzai izvozvo. Ndakambopinda mumisasa yemaIndia kuno, ndikaona varoyi vakadzi nevarume vachizvicheka-cheka, uye vodurura ropa ravo, nekutaura nendimi; uye—uye n’anga yacho yozvidudzira, nekuvaona vachiisa penzura pasi uye yotonyora nendimi dzisingazivikanwe. Saka handiWo. Asi kana uri. . .

<sup>103</sup> Ndechipi chiratidzo chechokwadi? Jesu akati, “Kuti munotenda kuti ndiNi iYe.” Uye iYe iShoko.

<sup>104</sup> Sei vasina kuUwana? Sei maJudha vasina kuUwana? Vaive vanhu vakarurama; vaiva vanhu vakanaka; vaiva vanhu vatsvene, uye kwaiva nemhando dzose dzevanhu; asi, kune uyo akafanotemerwa kuti anzwe Shoko!

<sup>105</sup> “Zvino unoziva sei kuti ndiro Shoko? Mumwe nemumwe anotaura izvi.”

<sup>106</sup> Ivimbiso yeBhaibheri iri kusimbiswa yezera iroro, hezvoka izvo, wobva wadzokera kune Mweya Mutsvene. Tarisai ruzha rweHwamanda mumaminetsi mashoma, zvaInozivisa. Hwamanda, Hwamanda yeEvhangeri, onai kuti ndiani anogona kuInzwa. Rangarirai, avo vaiva mumaguta ane madziro havaikwanisa kubuda mujubheri. Kwete, changamire. Vaiva mumadziro; vaitogaramo. Zvakanga zvatopera; vakanga vatova nhapwa kwehupenyu hwavo hwese, uye vaifanirwa kuiswa chiratidzo. Zvino tichiona mapatani ese aya, cherechedzai.

<sup>107</sup> Zvino, mabasa aya, Maraki 4, nezvose izvi, neVaHebheru 13:8, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi,” Anoramba nekusingaperi ari Shoko, Shoko rakaratidzwa. Ndizvo chaizvo zvaAkazivisa vaporofita. *Muporofita* haangorevi chete “muoni kana anofanozivisa;” zvinoreva kuti “muzaruri weShoko rakanyorwa.” Muhupenyu hwake iye, mabasa ake iye, anozarura nekusimbisa Shoko rezuva iroro; saNoa achivaka areka; Mosesi zasi uko; chero vamwewo; nechero muporofita: Shoko rakavimbiswa renguva iyoyo.

<sup>108</sup> Zvino tinoziva kuti Anesu. Tinozvitenda izvozvo. Munoono Shoko raKe richiratidzwa, nemifananidzo, neMagwaro, nekuziviswa Kudenga, panyika, zvimwe zvese zvaAkataura. Hapana kana nguva imwe chete yazvakambokundika. Ndinokumbira chero munhu kuti andiratidze, kubva kunzvimbo dzakasiyana dzenyika, kana kwese pasi rose, waka—wakasungirwa kundinyorera uye wondiudza, pane imwe nguva pazvakambokundika. Rakakwana, shoko neshoko, zvino, iyoyo ivimbiso.

<sup>109</sup> Sei Aifanira kuoneka mumazuva ano ekupedzisira? Kana mukadzokera, zvino imi vanoteerera matepi, ku*Muti WeMwenga*, uye mosvika paiva naKristu, Muti uya waiva mubindu reEdheni. Adhamu wekutanga akawa; uye Adhamu Wechipiri uyu akagurwa nechivi. VakaMuturika pamuti wechiRoma, uye kubva imomo ndokubuditsa... pakabuda Muti weMwenga waAkavimbisa, watinoona muMagwaro, zvino, kuitira kuti tiwane Mwenga.

<sup>110</sup> Sepiramidhi, kuti inouya sei muhushoma nguva dzose, kubva pakupamhama kukuru; kubva kuna Luther, Wesley, Pentekosti, uyezve dombo repamusoro riri pamusoro payo rakanyatsotesva, uye rimwe nerimwe rematambo iwayo akanyatsobatanidzwa pamwe chete zvakakwana kwazo. Uye hatisati taziva kuti vakazviita sei, asi akanyatsobatanidzwa zvakakwana mupiramidhi iroro! Zvino hatisi kudzidzisa zvepiramidhi zvino, tiri kungo...

<sup>111</sup> Enoki nevamwe ndivo vakarivaka, makore akapfuura, uye rinomiririra mumwe mufananidzo. Zvimwe chetezvo nezuva rinobuda nekunyura; sezvakangoita muti unodondhedza shizha rawo—rawo, uye rodzoka zvakare; sehove, nemombe, nezvimwe zvose zvinozvifananidzira. Piramidhi iyoyo yakamira semufananidzo.

<sup>112</sup> Pinda mukamuri yemuporofita uone masitepisi 7 iwayo. Ko ndekupi—ko ndekupi uko murindi aisangana nedambudziko rekuunza munhu anouya pamberi pamambo? Pamusoro pemasitepisi; paive pasitepisi rechinomwe. Ipapo zvinoratidza kuti tinofanira kuuya zvakare neMweya mumwe chete iwayo wakanga uri pana Johane; akazivisa Mesiya. Akanga ari mukuru kupfuura vaporofita vose; akaMuzivisa. Uye tinofanira kusvika panzvimbo, zvakare, kune chimwe chinhu chichazivisa Mesiya.

<sup>113</sup> Zvino ko Mesiya... vanhu vari kuMutenda vanozoviziva sei kunze kwekunge vari muShoko nguva dzose, kuti vazive kuti iYe ndiani! Dhanieri akati, “Vakachenjera vachaziva; asi vakapusa, vasina kuchenjera, havazoziva. Vachaziva Mwari wavo.” Zvino, zvino, kuonekwa kwaAchaita mumazuva ekupedzisira, kuunza vanhu vachidzokera kuShoko, kuitira kuti Mwenga agoziva Murume waKe, azive Murume waKe, Shoko rakazarurwa. Ndokusaka izvi zvichifanira kuitika.

114 Hazvaimbova muvavandudzi; hazvaimbova muna Luther, Wesley, ne—nemaPentekosti, nevamwe. Magwaro anoti zvaive zvisiri.

115 Asi zvichauya. Ndiyo vimbiso yaKe yezera rino. Tiri kurarama mune zera iro Kuuya kwaKe kuchava mariri. Anofanira kubatanidzwa maAri. Chero mudzimai upi zvake anofanirwa kubatanidzwa nemurume wake, nokuti 2 ava chinhu chimwe chete. Uye Mwenga waKristu unofanira kubatanidzwa naYe, nokuti 2 ava chinhu Chimwe; uye iYe iShoko, kwete sangano. Shoko! Tinofanira kuva vana veChiedza, uye Chiedza iShoko rakaitwa Chiedza chezera rino. Tinoziva sei Chiedza kunze kwekunge Chabva muShoko? Zvakanaka. Shoko rakaitwa nyama ndiro Chiedza chezera; kana waRiona, uye Bhaibheri rakataura kudaro.

116 Vanhu ivavo vakatarisa Jesu ipapo, ndokuti, “Zvinoka, Murume uyu, Anombova Ani? Handiti, Akaberekwa, ari mwana wehupombwe zasi uko. Handiti, baba naamai vaKe ndivo *izvi, izvo, nezvimwe*, nezvose izvi zviripo apo.” Asi havana kuMuziva. Dai vaiziva Magwaro, vangadai vakaMuziva. Akataura kudaro.

Vakati, “Tiri vadzidzi vaMosesi!”

117 Akati, “Dai maiziva Mosesi, mungadai makaNdiziva, nokuti Mosesi akanyora nezvaNgu.” Uye vachiine hupofu hwakanyanya kuti vaZvione!

118 Munoono kuninipa kwazvakaita here? Kure nemapoka ese, nemasangano, nezvitendwa, nezvose. Mwari vakanyatsofamba vachipinda munyama, muchimiro cheMunhu, Mudzikinuri weHama.

119 Anofanira kubatanidzwa naYe. Tinokokwa kuti tive vana veChiedza, kuti tifambe muChiedza.

120 Ndinorangarira zasi kuKentucky, kuno kasiri kare, ndakava nemusangano. Kunze, mushure mekunge ndabuda muchechi, kuti paiva nemumwe mutana aive akamira, aine rambi muruoko rwake. Aiva wechечи isingatendi mukupodzwa, nezvimwe zvakadaro. Akati, “Ndi—ndinopesana nemi, Hama Branham.”

Ndikati, “Zvakanaka, mune kodzero yekuzviita.”

121 Akati, “Munoono, hapana chandinogamuchira kunze kwekunge ndachiona. Ndinofanirwa kuchiona, pajekerere chaipo.”

122 Ndakati, “Zvino makamboona Mwari here, pajekerere chaipo, vakamira pamberi penyu?” Honguka, aisatenda muzviratidzo nezvinhu.

Akati, “Kwete.”

123 “Handiti,” ndikati, “saka hamusi mutendi, changamire. Handikwanisi kutaura nemi. Maona? Maona? Tinoona zvinovimbiswa naMwari tobva tabatirira pane iZvozvo.”

124 Akati, “Munozviona sei izvozvo?” Ndakati . . . Akati, “Huyai, muende neni kumba titaure manheru ano.”

Ndakati, “Handikwanise; ndingada. Munogara kupi?”

Akati, “Unoenda nepamusoro pegomo iri pano.”

125 Ndikati, “Muchasvika sei ikoko? Hamusi kuonaka imba yenyu.” Uh-huh. Uh-huh. Ehe. Ehe.

Akati, “Zvino, pane nzira inokwira nepamusoro pechikomo.”

Ndikati, “Hamusi kuona nzira yachoka.” Uh-huh.

Akati, “Handiti, ndine rambi.”

126 Ndikati, “Rambi hariratidzi chiedza kusvika pamba chaipo. Oo, kwete. Asi nzira iyoyo inoenda kumba. Asi rambi iroro richangoratidza chiedza nhanho imwe panguva imwe chete.”

127 Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka; nhanho imwe panguva imwe, Ishe, tichiswederwa pedyo naYe. Ehe. Vana veChiedza, gamuchirai Shoko raVo, rambai muchifamba uye muone zvimwe zvichibhedhenuka. MusaRisiye, zvisinei kuti mumwe munhu anoti kudii. Rambai muri maRiri chaimo moramba muchifamba naRo, tarisai Richizvibhedhenura uye Richizvizarura. Shoko iMbeu; mbeu mumhando chaiyo yevhu inobereka zverudzi rwayo.

128 Cherechedzai Zvakazarurwa 10:1 kusvika 7, zvakavanzika zvose zvinofanira kuzarurwa kuMwenga, nemutumwa weChechi yeRaodhikia. Pane ane Bhaibheri reRevised Version here? Kana muinaro, munocherechedza ipapo parakati, “ngirozi,” zviru mumabhuraketi rinoti, “chapungu.” Maona? Uh-huh. Uh-huh. Maona? Mutumwa kuChechi ye—yeRaodhikia, munoono, Zvakazarurwa 10:1 kusvika 7.

129 Uye akati izvi . . . muzuva iroro raakaMuona achiburuka, zvino akadya bhuku duku. Zvino paiva . . . “Akaisa tsoka imwe chete panyika, neimwe pagungwa, ndokupika naiYe anorarama, narinhi-narinhi, kuti, ‘Nguva haichazovepo.’” Zvino paAkadaru, Mitinhiro Minomwe yakareva manzwi ayo. Zvino Mitinhiro Minomwe payakareva manzwi ayo, Johane akati akanga oda kunyora. Zvino Akati, “UsaZvinyore.” Uh-huh. Maona? Zvino akaZvisimbisa.

130 Zvino, mumwe munhu akati, “Zvinoka, Zvisimbiso Zvinomwe izvozvo, zvino, Hama Branham, zvichazarurwa mumazuva ekupedzisira, chimwe chakavanzika chikuru kuti tinoswederwa pedyo sei naMwari?” Kwete, changamire, hazvigoni kudaro.

131 “Ani naani achabvisa Shoko rimwe chete kubva muBhaibheri iri, kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri, chikamu chake chichabviswa, Bhuku reHupenyu.” Zvazviri, chizaruro pane zvakasiwa kumashure uko, kuunza.

Zvakatonyorwa *Muno*. Zviri Muno umu. Zviripo kuzarura zvakatonyorwa kare. Maona? Nokuti, haugone kuwedzera chinhu chimwe chete kwaRiri, kana kubvisa Shoko rimwe chete kubva kwaRiri.

<sup>132</sup> Chitsauko chekutanga chaZvaka-...che—cheBhaibheri, pakutanga, Genesi. Mudzimai mumwe chete haana kuRipokana, asi akangodudzira zvisiri izvo, akarega Satani achimududzirira zvisiri izvo, shoko rimwe chete, “zvirokwazvo.” Maona? Zvino zvadaro, kubva ipapo, zvakakonzerwa dambudziko rose iri. Uye vaiva Mwari vaitaura, Shoko raMwari.

<sup>133</sup> Uye muchitsauko chekupedzisira chaZvakazarurwa, Jesu pachaKe, Mwari mumwe chete, akati, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe chete, kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri.”

<sup>134</sup> *Iri* ndiro chizaruro chakakwana chaJesu Kristu. Uye Zvisimbiso Zvinomwe zvaive zvakavanza zvakavanzika, zvezvose zvaRaiva; uye zvinofanirwa kuRizarura muzuva rekupedzisira, pazera reRaodhikia, pakuguma kwenguva. Mwari ngavavongwe! Zvinopedzisa Mharidzo kuChechi. ZvinoIpedzisa. Pavanotarisa kumashure uye voona zvazvaiva, voona kuti zvese pazvakasvika, izvozvo zvinoIpedzisa, zera reChechi.

<sup>135</sup> Zvino cherechedzai hwamanda dzatiri kutaura nezvadzo, kudana pamwe chete zvichida kumutambo, kuhondo, kune mumwe munhu, kune rimwe zuva rakayereswa, kana chimwewo chinhu chakadaro. Cherechedzai. Unoti, “Kune mumwe munhu?” Ehe. Kana, kwegore rejubheri, kuziviswa kwekuuya kwerusununguko, pavaigona kudzokera; zvino, tinogona kutora mangwanani ose akazara pachinhu chimwe chete ichocho. Asi, zvino, tichipinda muhwamanda. Mava nenheyo yacho zvino, yeZvisimbiso neChechi, zvino tave kupinda muhwamanda. Hwamanda yairira, uye hwamanda inomiririra hondo, kana zuva remutambo. Kana kuti, zvazvinoreva, ndezvekuti, “kuunganidzwa pamwe chete kwevanhu,” *hwamanda*.

<sup>136</sup> Pauro akati, “Kana hwamanda ikarira zvisinganzwisike, ndiani angazvigadzirira kuenda kuhondo, kana rugare, kana chero zvazvingava?” Ndiani anoziva? Unofanira kuziva kuti hwamanda inorira sei.

<sup>137</sup> Naizvozvo, kana hwamanda yarira, tinoona chimwe chinhu munyika nhasi. Pane dambudziko guru pane imwe nzvimbo. Munhu wose anozviva. Munhu wese atova mupengo. Nyika yese inyika iri kupengereka, uye tinoziva kuti pane chisina kumira zvakana. Pentagon, kwese-kwese, tinoziva kuti pane chakanganisika.

<sup>138</sup> Zvino, nzira chete yaunoziva nayo kuti kurira kwaita hwamanda chii, kutarisa zvinotaurwa neBepa reMumhanzi. Ndizvo zvoga. Mutinhimira mukuru, munoono, uye nokurira.

139 Sa, *Peter and the Wolf*, munoona, kana iwe...kana... Zvino nya—nyanduri akanyora bhuku, zvino mutungamiriri anofanira kunge ari mumweya mumwe chete wanyanduri. Kana akasadaro, anopa bhiti risiri iro, uye chinhu chacho chose chinovhiringidzika.

140 Ndiro dambudziko nhasi. Tine vatungamiriri vakawandisa mu...vasiri muMweya waNyanduri. Vanoti, “Sangano, zvino, tinotenda *izvi*.”

141 Zvisinei nezvaunotaura, Bhaibheri riri raiti. Riridze zvichienderana neBepa reMumhanzi pano chaipo pamberi paro, zvino Mutinhimira mukuru wekubata kukuru kwaMwari uri kurira zvakanaka chaizvo, zvino tinogona kuona nguva yacho uye nepatimire.

142 Zvino cherechedzai, hwamanda ndeyekuunganidza vanhu, kuungana pamwe chete kuti vaite chimwe chinhu. Imwe nguva yaizivisa munhu akakosha.

143 Semuna Josefa, vairidza hwamanda, uye Josefa akanga achiuya; unova mu—mufananidzo we “Hwamanda Huru” yatiri kutaura nezvayo, uye yatichasvika kwairi mushure mechinguva, muna Isaya. Inotaura kuti, “Kana Hwamanda Huru yarira, kana mureza iwoyo wasimudzwa, kumusoro uko; zvino ipapo pachauya nguva yekuti Hwamanda Huru icharidzwa, uye marudzi ose achaungana kuJerusarema.” Ndipo panotanga Mireniyamu; Hwamanda Huru.

144 Zvino, kudana uku, kwemutambo wehwamanda, kuuya kwechimwe chinhu. Cherechedzai Zvakazarurwa 8:7, kana muchida kunyora pasi. Tinocherechedza Hwamanda Yokutanga, kwakava nechimvuramabwe chakapararira, ropa, moto, panyika; zvakangofanana chaizvo neEksodho, Mwari pavaidana vanhu vaVo kubuda, kubva mukubuda.

145 Zvino, chikonzero chekuti Hwamanda Nomwe idzi hadzina chekuita neChechi ino nezera rino, imhaka yekuti ndedzeIsraeri bedzi. Kudanwa, kwekuungana kwevanhu. Uye zvino pane chirevo chimwe chete muno chandiri kuda kuti musvike kwachiri, mumaminitisi mashoma, ndeapo pamuchaona kuti sei izvi zvisinei nezera rino ratiri kurarama mariri; Hwamanda Nomwe.

146 Ndinoziva vanhu vakawanda vanopesana nazvo, asi ndinoziva kuti ndizvo izvi. Ndinozviziva. Kwete nekuti ndiri kutaura kuti muri kuzvitaure; nekuti, handina kuzviwana kubva pandiri ini. Pfungwa yangu—yangu haisi yangu ini. Chingavei Chacho chakandiudza, kana Chiri kukanganisa, saka hazvisizvo. Asi handisi kuzvitaure ini pachangu, ndiri kutaura kubudikidza nezvakataurwa nemumwe Munhu. Mumwe Munhu iyeye ndiMwari vakataura nesu uye vakaita zvinhu zvose izvi zvaVakaita, uye vakaonekwa, munoona, saka ndinoziva kuti ndizvozvvo.

147 Ku—kuungana kweIsraeri ndidzo Hwamanda. Hwamanda ndidzo dziri kuzounganidza Israeri. Cherechedzai, kurira kweHwamanda Yokutanga; ropa, moto, chimvuramabwe, nezvose, zvakapararira pasi. Maona? Akanga Achiitei? Achibuditsa Israeri kubva muEgipita yepamweya, munoona, kudzokera kunyika yake.

148 Zvino regai nditaure izvi ipo pano, kuti, Hwamanda yose yakarira, yakarira pasi peChisimbiso cheChitanhatu. Tichasvika kwazviri mumaminetsi mashoma, patakabata Chisimbiso ipapo. Hwamanda dzose dzakarira pasi peChisimbiso cheChitanhatu.

149 Nekuti, Chisimbiso cheChinomwe, pakava nerunyararo. “Hapana akaziva; ndiyo yaiva miniti kana awa iyo Kristu aizouya,” sekuzarura kwaAkazviita kwatiri.

150 Asi Hwamanda yose yakarira pasi peChisimbiso cheChitanhatu, pasi pekutambudzwa kwemaJudha. Cherechedzai, Zvakazarurwa zvino, 8, uye kutanga nevhesi 7. Dzose dzaive kudana kwekuti Israeri ibude, yepanyama, kubva muEgipita; iko zvino kudanwa kwekuti Israeri ibude, mupfungwa yepamweya. Vakanga vari kuvagadzirira kuuya kumutambo weYananiso.

151 Cherechedzai, mutambo wehwamanda ndiwo waiva wekutanga, yaiva pentekosti. Mutambo weyananiso waiutevera, mazuva 50 anotevera acho. Mutambo weyananiso, zvirerengei pano. Tichadaro, zvichida, kana tiine nguva, tichataura nezvawo uye tokuverengerai kubva muBhaibheri, muno muna Revhitiko 12, zvino, kana kuti Revhitiko 23, waro, naRevhitiko 16. Tinoona kuti wekutanga waiva mutambo we—wehwamanda. Yakanga iri yananiso uye...mushure mawo maitevera pentekosti, zvino tinoona kuti...Mutambo weyananiso waitevera mutambo wehwamanda.

152 Zvino cherechedzai, Hwamanda yairira, uye yaiva yekuvaunganidza pamwe chete. Zvino, Hwamanda yeKutanga yakarira, paiva nechimvuramahwe, ropa, moto, zvakapfapfaidzwa panyika, chaizvo sezvazvaiva muEgipita, zvichigadzirira kuvadanira kuZuva reYananiso. Maona? Vakaramba Yananiso yechokwadi. Uye makore aya arebeswa kusvika pano, rave riri gore rePentekosti. Maona? Zvino kurira kuitira maJudha kunozotevera.

153 Uku ndiko kwaiva kudansirwa kunze kweChechi. Nyatsotarisaisai. Zvino, zvinova izvo, mushure mazvo, Akavatora kuenda navo kunyika yechipikirwa; zvinova izvo kuti Achazoita zvimwe chetezvo, umo, mumufananidzo, Anotora Chechi kuenda kunyika yechipikirwa.

154 Rangarirai, Hwamanda yose yakarira pasi peChisimbiso cheChitanhatu, ndipapo chete payakarira.

155 Cherechedzai zvino, chaizvoizvo, kuenderera mberi kweMagwaro, zvakangofanana chaizvo. Pasi peHwamanda

yeChinomwe, zvinongova zvimwe chete kuIsraeri sezvaive Chisimbiso cheChinomwe kuChechi. Tinoona, pasi peChisimbiso cheChinomwe, kuti mweya iyi yaive pasi peartari ipapo, yakagamuchira nguwo... Vakapihwa nguwo, kwete kuti vakadziwana nekukodzera kwavo, nokuti vakanga vari mumwaka uyo Mwari vakanga vachiri kushanda nyenya neMarudzi, kwete maJudha. Israeri inoponeswa senyika. Mwari vanoshanda neIsraeri senyika. Marudzi “vanhu veZita raKe,” kwete nyika yeZita raKe. Israeri!

<sup>156</sup> Zvino Hitler nevamwe pavakatambudza maJudha, nekuita zvinhu zvavakaita pasi paizvozvo; tarisai, ivo, Stalin, Hitler, nevose vadzvinyiriri vakanga vasimuka. Dai tanga tiine nguva, iyo, yekuzvidzokorora kune vamwe vatsva, asi takatopfuura nemazviri. Pasi pezera rimwe chetero, rakambovapo muGermany ne—nedzimwe nyika dzose, maJudha akapararira nemunyika mose. Asi kwakasimuka, mumakore 20 achangodarika, kutambudzwa kwakaomarara kwemaJudha.

<sup>157</sup> Ndakamboendako kunzvimbo dzekare kwavaipisa mitumbi yavo, nekuita madota, uye vakashandisa... vakashandisa madota avo kuita fetereza yemuvhu, vana vechiJudha, nemadzimai, nezvose. Zvino voedza kuzviramba; kungovabuditsa ikoko movaratidza kwazvakaitirwa kwacho.

<sup>158</sup> Kwakava kutambudzwa kunorwadza kwakaitwa kuIsraeri, nekuti yaive nguva yekumudana kuti adzokere kuYananiso. Achiri pasi peyananiso yegwayana repanyama. Gwayana chairo raMwari ndiro Yananiso, uye akaRiramba, uye Ropa rakagara riri paari kubvira nakubvira. Cherechedzai, kugadzirira vanhu! Zvakanyatsokwana chaizvo Hwamanda yeChinomwe neChisimbiso cheChinomwe, zviri pamwe chete zvakakwana, kutambudzwa kwemaJudha.

<sup>159</sup> Cherechedzai, muna Zvakazarurwa chitsauko 9 nevhesi 13, zvino nyatsocherechedzai nepedyo, pasi peHwamanda yeChitanhatu. Zvakazarurwa 9:13, pasi peHwamanda yeChitanhatu, cherechedzai, paiva nevatasvi vemabhiza 200,000 vakanga vakasungwa murwizi rweYufratesi, vakasunungurwa pasi peHwamanda yeChitanhatu. Zvino hakuna vatasvi vemabhiza 200,000 pasi rose; asi paiva nevatasvi vemabhiza 200,000. Zvicherechedzei. Ndinoda kuti muzvinyore pasi, kuti mugokwanisa kuzviverenga.

<sup>160</sup> Akanga asiri mabhiza epanyama. Aifema moto, uye aiva nezvifukidziro zvepachipfuva zvejaspa, uye—uye aiva nemiswe. Uye mucheto wemuswe wacho waitaridzika senyoka, musoro wenyoka kumucheto kwawo, uchiruma. Maona? Aiva mabhiza epamweya, madhimoni epamweya, mabhiza emuhondo, akanga akasungwa muYufratesi makore ose aya, madhimoni epamweya. Chaiva chii? Humambo hwekare hweRoma hwuchimutsiridzwa; kutambudzwa kwemaJudha. Ainge akasungwa kwemakore

angade kusvika 2,000, parwizi rweYufratesi, asingakwanise kuyambukira kuvimbiso; boka rechinamoto rakanga richiedza kusvika kune rimwe divi racho. Yufratesi, munoziva, yakauya nemuEdheni. Asi ainge akasungwa ipapo, madhimoni 200,000 ekutambudza.

<sup>161</sup> Uye cherechedzai zvinoitika pasi peHwamanda yeChitanhatu iyoyo. Akaregedzerwa pamaJudha; kutambudzwa kwemaJudha. Madhimoni epamweya, makore angada kusvika 2,000, ndokuregedzerwa naStalin, Hitler, pamaJudha. Unoti, “Zvinoka, hachisi chiRoma.” Mweya mumwe chetewo. Vakaita zvinhu zvimwe chete zvavakaita kuMakristu, mumazuva ekare eRoma yechihedheni. Zvino tarisai Israeri yepanyama, neChechi yepamweya zvino, patiri kuzvipatsanura pano. Akaregedzerwa pamaJudha.

<sup>162</sup> Munorangarira, pasi peChisimbiso cheChitanhatu, kuti mumwe nemumwe weavo vakafira chitendero, maringe—maringe neShoko raMwari, vanogamuchira nguwo. Dzakapihwa kwavari nenyasha, nekuti vakapofomadzwa kuti vatadze kuona Evhangeri yavo, kuti vanhu ava vagodanwa kubva kuMarudzi kuitira mwe—Mwenga. Vakapihwa nguwo, Bhaibheri rinodaro pano, pasi peHwamanda iyoyo. MaJudha iwayo, vanopesana chaizvoizvo naKristu nezvose; chikonzero vakadaro, ndechekuti Bhaibheri rakati vakapofomadzwa. Uye vakapofomadzwa nekuda kwenyu. Uye Mwari vakarurama vanoziwa kuti vaizoRigamuchira, asi vakaitwa mapofu nokuda kwenyu. Bhaibheri rakataura kudaro.

<sup>163</sup> Hoyo humambo hweRoma, hwakasungwa ipapo ne (chii?) masimba echechi. Zvinova kuti, Roma, Roma yechihedheni dzakava Roma yavanapapa, uye yakasungwa ipapo mutsika dzayo dzeChikristu. Chikamu chaiva cheChikristu, ne—nezvemweya—mweya zvayaiva nazvo zveRoma ichibatandiza zvese izvi; kunamatwa kwevakadzi, nedzimwe mhando dzose idzi dzezvinhu, nemazuva eKrisimasi, nemazuva ezororo, nemazuva akayereswa, nezvinhu. Yanga yakasungwa netsika iyoyo zvekuti haikwanise kuregedza, nekuti zvinopesana nezvinomiririrwa neChikristu. Uchiri mweya mumwe chetewo usina humwari, wechihedheni! Zvino mweya iwoyo wakabatwa munyika dzepasi rose, maringe nezviporofita zvaEzekieri nevamwe vose.

<sup>164</sup> Uye yakaregedzerwa pamuJudha, uyo akanga asingazive kana chii zvacho cheMweya. Hezvo zvakavanzika zvenyu zvakavanzwa pasi peChisimbiso ichocho ipapo. Maona? Zvicherechedzei. Takapfuura nemazviri. Zvino ndichakuratidzai Hwamanda iyi pano, Hwamanda iyi yekupedzisira, zvinoitika zvacho. Hedzoka idzo. Hwamanda idzi dzinotupfunurwa pamaJudha, (hamusi kuona here?) kwete paMarudzi. Murudzi, pakazarurwa Zvisimbiso izvoizvo, akatobva asimbiswa; nguva yatopera; Chechi yakatodanwa.

165 Munorangarira here chiratidzo rimwe zuva? Munorangarira here ku-...kufanoonekwa kwayo? Vangani vanorangarira, Svondo iri kuseri kweyakapfuura? Kuti heyoka zvayaiva chaizvo, yakauya nepo. Takaiona, chaizvoizvo, takaona chinhu chiya chakasviba, chine tsvina chakabuda, chinonzi chechi, zvinyadzi zvakapfuirira mwero. Uye Mwenga mudiki iyeye, wemunyika yoga-yoga, mumwe nemumwe wavo akapfeka senyika yake yekwaanobva, achinyatsofamba zvakakwana pamberi paShe.

166 Imi cherechedzai, pachava nenguva, imwe nguva, yavachati, “Zvinoka, ndakafunga kuti Chechi yaifanirwa kuenda kutambudzwa kusati kwaitika. Ndaifunga kuti kune Kubvutwa.”

“Kwakatopfuura uye hauna kuzviziva.”

Ndizvo zvaAkataura pamusoro paJohane imwe nguva, munoziva.

167 Akati, “Sei, sei vaporofita vachiti ivo...vanyori, kuti Eria anofanira kuuya kutanga?”

168 Akati, “Akatouya kare.” Uye kunyange vadzidzi chaivo havana kuzviziva. “Vakaita kwaari zvavaida.”

169 Kubvutwa kuchava nenzira imwe cheteyo. Mu—muawa imwe chete...Akavimbisa kuzviita. Haana kuvimbisa kuratidza Eria saizvozvo, asi Akavimbisa kutora Mwenga saizvozvo. “Munguva yausingafungire,” kungoshanduka, kamwe-kamwe mukubwaira kweziso, wotakurwa kuenda. Ipapo wasara, zvino ndiyo nguva yacho!

170 Makore 2,000, mweya uyu kubudikidza nemuvanhu veRoma, chechi yeRoma, hauna kukwanisa kufamba. Asi mweya mumwe chete iwoyo uchisimuka, kutanga, zasi uko muna Mussolini muRoma, mudzvanyiriri. Munoziva 5 zviya... .

171 Zvinhu 7 zvaAkandiratidza, muna '33, zvaizoitika. Zvishanu zvazvo zvakatopfuura. Chiremba Lee Vaile vari kunyora bhuku pamusoro pazvo ipapo zvino. Maona? Zvinhu 5, zvakakwana, nezvimwezve zvinhu 2 zvinofanira kuitika. Akati, “Zvaizoitika nguva shoma Kuuya kusati kwasvika.” Hepano patave kumagumo chaiko zvino, uye zvinoita sekunge chinhu chechitanhatu ichi chiri kufamba chichikwira kumusoro chaiko. Maona? Zvakakwana, chaizvoizvo, kunyange hondo uye kuti dzaizoitika sei, chaizvoizvo zvakanyatsonanga, uye hapana kana nguva imwe yazvakapotsa.

172 Teererai, vanhuwee, tinofanira kuzviongorora awa yoga-yoga. Hamuzive patakamira. Pedyosa chaipo!

173 Zvino, zvino akaregedzera, pane, pasi peChisimbiso cheChitanhatu ichocho, madhimoni aya 200,000 epamweya, akatanga muRoma, Germany, Hitler. Uye cherechedzai muBhaibheri, uko kwavakagamuchira, havana...

Vakagamuchira simba semadzimambo, asi havana kupfekedzwa korona. Mudzvanyiriri haasi mambo anopfekedzwa korona; anongogamuchira simba samambo.

<sup>174</sup> Oo, Mweya waMwari uri kungofamba nemandiri zvino, munoziva, uchingotaura chimwe chinhu. Handizivi kuti ndozvitaure sei, kana kuti ndoti kudii, uye pamwe zviri nani ndirege.

<sup>175</sup> Cherechedzai, 2 thou...hundred thousand madhimoni akaregedzerwa pamaJudha iwayo, pavakavapisa, vakavaroverera pamuchinjikwa. Vakaisa mhepo mutsinga dzavo. Vakavauraya, kusvikira vasisina gasi rekuvauraya naro. Uye vakavapfura, kusvikira vasisina mabara ekuvapfura nawo. Uye ivo—uye vakaita zvese zvavaigona kuita. Vakapisa mitumbi yavo kuita madota, nezvose; nekurembedza pamafenzi, vana nevose, vanhu vasisina mhosva. Nokuti vaiva maJudha, vakaitwa saizvozvo. Asi Mwari vakati Vakapa mumwe nemumwe wavo nguwo, nekusakodzera ikoko kwavaive nako; asi nyasha dzaVo dzekuvapofomadza kuti isu tigone kuona.

<sup>176</sup> Chisimbiso cheChinomwe hachisati chazarurwa nazvino, munoziva. Ndiko Kuuya kwaKe.

<sup>177</sup> Saka apo vachiri pasi ipapo, asi, Vanotiratidza pano, mukufanoona. SaJohane, Vakamutora kumusoro.

<sup>178</sup> Uye imwe nguva, achifamba pagungwa, munoziva; akati, “Ko achadini murume uyu anozembera pachipfuva cheNyu?”

<sup>179</sup> Akati, “Zvinei nemi kana akagara kusvika Ndichiuya?” Munoono, haana kumbogara, asi Akamutora kumusoro ndokumuratidza ichocho, chinhu chinoitika kusvikira Auya. Akangomuratidza, akafanoonesha hurongwa hwose kuna Johane.

<sup>180</sup> Cherechedzai, tinoona zvino kuti simba repanyama iroro pasi pezvenyama, kunyika yepanyama, Israeri, rakaregedzerwa ipapo. Uye chii chakazviita? Rakaenda ndokunoita hondo, uye rakauraya nekutambudza zvikuru.

Zvino muchiyero chazvo chezvemachechi! Ini...muri here...

<sup>181</sup> Ndinovimba kuti Mwari vanovhura maziso enyu kwazviri izvi zvino. Nokuti, ndinocherechedza kuti izvi hazvisi kungotaura kuchechi ino pano. Tepi ino inoenda pasi rose. Uye handirevere kurwadzisa manzwiro echeru munhu zvake, asi kungotaura Chokwadi.

<sup>182</sup> Zvino chiyero chezvemachechi chakazarurwa, kubva parumutsiriro rwepanyama rweRoma yekare yechihedheni, rwakaenda kumaJudha iwayo, iyo yakagara iri muvengi wavo. Shumba, ine mazino nezvose, yakatsika-tsika ndokuparadza vanhu. Roma, yagara iri muvengi waMwari! Zvino yakaregedzerwa mumweya mumwe chetewo, nevadvanyiriri

vepasi rose, nekuti hurongwa hwechinamoto hwaive huchakabata. Zvino yakaregedzerwa.

<sup>183</sup> Chii chazvakaita? Mune “mano,” sezvaAkataura, akauya semashoko ekubata kumeso. Zvino akaitei? Ari kuunzira Kanzuru yemubatanidzwa wemaChechi echiProtestanti yemaChechi ePasi rose, mweya waantikristu pavari vese, achivaunza kunourayiwa, sezvavakangoita kune vamwe, munguva yekudana Mwenga. Sei? Kuregedzerwa mumweya wetsika dzechinamoto wechechi. Kuregedzerwa pachii? Kwete pamasangano; paMwenga! Asi pano muchauwana, Mwenga hausi kuzopfuura nemunguva iyoyo. Bhaibheri haritaure kudaro. Chechi ndiyo ichadaro, asi kwete Mwenga. Hamusi kuona here? Vashumiri, hamusi kuzviona here, hama?

<sup>184</sup> Unoti, “Chechi inofanira kupfuura nemukutambudzwa, kuitira—kuitira kukwaniswa kwaYo.” Ropa raJesu Kristu ndiro rinokwanisa Mwenga.

<sup>185</sup> Murume anosarudza mudzimai haamupinze nemumatambudziko akawanda; iye akatowanirwa nyashawo, zvakare, naye; mudzimai akawanirwa nyasha naye. Iye—iye anotsidzirana nemudzimai. Uye, kana paine chero chinhu, anomuchengeta ari kure nedzimwe nzvimbo dzose kuti asaite chimwewo chinhu. Nyasha dzake dzakakura kwazvo pamusoro pavo.

<sup>186</sup> Uye ndizvo zvazvichava paMwenga, uye ndizvo zvazviri paMwenga. Isu zvisikwa zvisina kukodzera, takakodzera gehena, asi nyasha dzaVo dzinotidzivirira nemazviri. Tarisai kuti vangani vakarasika uye vari mapofu! Vangani, vatadzi vangani vaivemo munyika, nguva yandakaponeswa ini! Mwari vakandiponesa nechinangwa; uye ndakatsunga moyo, kubudikidza nokuda kwaVo, kuti ndizadzise chinangwa ichocho. Handina basa kuti chii chimwe chinoitika; ndiri kuda kuzviita.

<sup>187</sup> Uye munguva iyo yandinoona machechi ose, kuyevedza kwavo kukuru, “uye vakapfuma, uye vasina chavanoshaya,” vanodaro; uye ndovaona, vakasuwa, vachinzwisa urombo, vari mapofu; vobva vakubhabhadzira pamapendekete, vachida kuti urerutse uchibvumirana navo. Ndakazvarirwa chinangwa, ndiko kupomera chinhu ichocho mhosva nekutsiura. Izvi ndizvo zvandinoina.

<sup>188</sup> Rangarirai, Jesu paakauya panyika, pakanga pasina chikamu 1 kubva mune 100 chevanhu panyika chakamboziva kuti Aive pano. Akauya kuzatora boka iroro rakasanangurwa. Akati, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva. Uye vose avo Baba vaka,” nguva yakapfuura, “vakaNdipa, vachauya. Vachazviziva. VachaInzwa.”

<sup>189</sup> Cherechedzai kuregedzerwa kwemweya uyu wetsika dzevzinamoto. Zvino makore 20 akazotevera, mushure mehondo iyoyo, tinoona kuregedzerwa kwemweya wetsika dzevzinamoto. Uri pasi pei? Chisimbiso cheChinomwe; Hwamanda yeChinomwe kumuJudha.

<sup>190</sup> Tarisai mwedzi uchisviba. Uri pasi pei? Onai uchibviswa, Mwanakomana wemunhu achidzingwa muचेचे.

<sup>191</sup> Chii ichocho? Kubatana neboka revafundisi. Ku—kufamba kwemachechi ose, uye neMubatanidzwa wemaChechi ePasi rose, zvaunza munhu wose... Chinhu ichocho chinomiririrei? Handiti, unofanira kuisiya dzidziso dzako dzose dzeevhangeri nezvinhu. “Ko 2 vangafamba sei pamwe chete kunze kwekunge vawirirana?” Havakwanise. Jesu akati havakwanise. Uye ko chechi, maMethodisti nemaBaptisti vangafamba sei pamwe chete? Ko Church of Christ ingafamba sei nemaPresbyteriani? Ko maKatorike angafamba sei nemaProtestanti? Ko maProtestanti angafamba sei nemaProtestanti?

<sup>192</sup> Asi Mwenga unokwanisa kufamba neShoko, rinova Kristu. Unofanira kunge uri mukuwirirana. Kwete hurongwa hwemachechi; asi Shoko. Unofanira kubvumirana neShoko, kuti ufambe neShoko. Jesu akataura kudaro. Zvinozviita kuti zvive zvechokwadi.

<sup>193</sup> Cherechedzai, hoyoka uyo. Zvino, asunungurwa, kuti ataure pamusoro pezvakasaririra zvidiki izvi, “Oo, asika, hazvina kana mutsauko wazvinoita, zvisinei.”

<sup>194</sup> Ndizvo zvakataurwa naSatani kuna Evha, “Hazvina mutsauko wazvinoita. Zvakanaka. Chokwadi, Mwari ndiMwari vakanaka. Vanotida tose.” Havadaro.

<sup>195</sup> Munonzwa zvakananda pamusoro paZvo kuti ndiMwari vakanaka. NdiMwari vakanaka, asi, mukuva vakanaka, Vanofanira kuva nenduramo. Hapana hunaku pasina nduramo. Hapana nduramo pasina murawo, pasina murango, chitarafu. Saka tiri munguva iyoyo, yatiri kurarama.

<sup>196</sup> Cherechedzai, nokukurumidza zvino, madhimoni aya epamweya. Zvino, pasi pe—pasi petsigiro yeUnited Nations, mapoka akabatana pamwe chete, ekuMabvazuva neekuMadokero.

<sup>197</sup> Sezvakangoita tsoka yekurudyi pamwe neyekuruboshwe yemumufananidzo wakaonekwa naDhanieri, kuti vaisabvumirana sei uye nekusavhengana mumwe nemumwe. Zvino izwi rekuti Eisenhower, panguva iyoyo... *Eisenhower* rinoreva kuti “simbi.” *Khrushchev* zvinoreva “ivhu.” Zvino akabvisa shangu yake ndokuirovera [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti] padheski uko ku... apo League of Nations, kana kuti U... uko kuUN. *Khrushchev* akadaro, achibvisa guruva pa... Oo, ini zvangu! Nguva yatiri kurarama mairi! Chechi nechinhano chayoi!

198 Asi, tinotenda Mwari, Mwenga mudiki aZvigadzirira. Hazvisi kuzatora nguva yakareba. Ingobatirira. Hazvisi kuzatora nguva refu. Handizive kuti zvichatora nguva yakareba sei, handizive kuti riinhi; hapana anozviziva izvozvo. Asi tinoziva kuti zvave pedyo zvino, zvechokwadi.

199 Tarisai chechi. Tarisai izvozvo, yepanyama, zvayakaitira maJudha iwayo. Ava vaiva vanhu vaive vakabatirira kumirawo yaMwari. Hazvina mhosva kuti machechi mangani anosimuka, chii chimwezve, vakanga vakapofomadzwa kuna Kristu, uye vakabatirira kumurawo iwoyo. Zvino Mwari vakavapa nguwo, mumwe nomumwe wavo, nokuti vakafira chitendero. Maona? Vaka—vaka . . . Vakapofomadzwa nekuda kwedu.

200 Pano zvino, Chechi, isina chimwe chainoziva kunze kweBhaibheri. Pasinei nehurongwa hwechechi, sangano, hapana chavanoziva nezvazvo. Zvose hazvo havatombozivizi. VanoMuziva, uye iYe oga.

201 Vanhu nhasi vakangoda kufanana nezvaive Petro nevamwe, pamusoro peGomo reKushandurwa. Vakafara zvikuru pavakaona zvinhu zvemweya zvichitika, mumwe ndokuti, “Tichagadzira chechi imwe chete ye—yevaporofita, neimwe kuna Mosesi.”

202 Uye ndiwo maitiro ayo vanhu, maPentekosti vakaita. Vakati, “Tichagadzira imwe, Assembly of God; neimwe, church of God; neimwe, Oneness; neimwe, Twoness,” nemamwewo akadaro.

203 Asi achiri kutaura, Jehovha vakadanidzira, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa,” Anova Shoko, “munzwei iYe!” Maona? Ndiye Shoko.

204 Nguva yatiri kurarama, machechi, emweya ari kubatana pamwe chete zvino uye achivaunza vese mukuurayiwa kumwe chete kukuru uku, kuti vadzimwe. Zvakatonyorwa pano, munyika ino zvino, kuti machechi aya anofanira kuvharwa kunze kwekunge makabatana pamwe nesangano. Kubatana, kurambidza, sezvakangoita munembo wechikara.

205 Uye zvino munoona kuti chikara chii, handizvo here? Isimba. Uye simba, simba rechinamoto, Jesu akati, “Zvichange zviri pedyo napedyo kwazvo nechinhu chacho chaicho, zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka.” Asi Akavimbisa kuva nechimwe chinhu pano kuitira isu muzuva iroro, kuti tisazonyengerwa, uye ndiro Shoko, naKristu kuRiita kuti riratidzwe kwatiri. Atori madhimoni, epamweya, asingaonekwe neziso renyama, asi unokwanisa kuona zvaari kuita. Maona?

206 Cherechedzai, boka iroro pariri kutasva, vachizvigadzirira kuparadza zvinhu zvose zvisingawirirane navo, pane rimwe boka riri kugadzirirwawo, mushure mechinguva, Zvakazarurwa 19. Nguva inotevera Chechi painonzwikwa, Inouyawo, zvakare, kwete pamabhiza chaiwo, asi Bhaibheri rakati, “Iye akanga ari

pabhiza jena, nehondo yeKudenga yaiMutevera iri pamabhiza machena.” Ndizvo here?

<sup>207</sup> Apo boka iri zasi kuno rine 2,000 vakasungwa parwizi rweYufratesi, uye anga akasungwa kwemakore 2,000, zvakarewo chechi iyoyo yakasunga Mweya Mutsvene kwemakore angada kusvika 2,000, pasi pekufira chitendero kumashure uko, uye pasi pemazera echechi. Wanga wakasungwa, kwete parwizi rweYufratesi, asi pamukova wezvitendwa nedzidziso, kuti Mweya Mutsvene usagone kushanda muchechi nekuda kwehurongwa hwakagadzirwa nevanhu. Asi Uri kuzosunungurwa, Uri kudzoka, ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Zvino 2 ava vanosangana panzvimbo dzekurwira, Rusiferi naMikaeri zvakare, sepakutanga. Vanga vakasungwa kwemakore 2,000, potse, makore angada kusvika 2,000.

<sup>208</sup> Kwete 2,000 chaiwo, nekuti vaRoma vakaramba vachienda, Tito muna A.D. 96, uye zvichienda zvichidzika sekudaro, akuuraya maJudha. VaRoma! Ndiani akauraya maJudha? Tito aive ani? Mukuru wehondo yeRoma. Ropa rakayerera richibuda kunze nepamasuwo zasi uko, kusvika ku...oo, ndokuvauraya, madzimai, vana, nezvose. Ezekieri 9 haina here kuti vaizodaro? “Pfuura napakati peguta uise mucherechedzo pavanhu vanogomera nekuchema,” mwe—Mweya Mutsvene. Uye vamwe vavo vose, “murume wekuuraya akauryako,” avo vainge vakasungwa; ovabata, ndokuvabata, kusvikira vaenda kunouraya zvese zvaivamo. Madzimai madiki, madzimai, vana, vacheche, nezvimwe zvose, vose vakauraiwa. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>209</sup> Hezvinoka izvi zvakare, zvichizvidzokorora. Zvino heuno hurongwa hwemachechi huchinyatsodzoka, huchivhara, huchitsika-tsika zvose zvinonzi Mwari. Oo, vane hurongwa hwavo, nemasangano, nemasangano emachechi, asi izvozvo hazvinei nechekuita neBhaibheri. Vanokuudza nekukurumidza kuti havatombotenda maRiri. Hongu, changamire. “Taura zvinotaurwa nechechi.”

<sup>210</sup> Ndezvo zvinotaurwa naMwari! Ndiro Shoko. Mwenga wakamira nemaShoko; vari Mumwe. Vanova sei Mumwe? Kana Shoko iroro, rakanyorwa Imomo, rikava mauri, uye roita—roita kuti iwe neShoko muve Mumwe. Ndizvo chaizvo zvaVakavimbisa.

<sup>211</sup> Zvino, Rinodudzira. Mwari havadi mududziri. Vanoti, “Zvino, tinoRidudzira sezvizvi.” Hauna kana kodzero yekududzira chinhu. Mwari vanozvidudzirira Voga pachaVo. Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza,” uye kukava nechiedza. Ndiani anodudzira izvozvo? Akati, “Mhandara ichava nemimba,” uye ikadaro. Izvozvo hazvidi mumwe mududziri; zvakatodudzirwa kare. Mwari vakati zvinhu izvi zvichaitika muzuva rino, uye ndizvo. Hazvidi kana mududziri. Rinozvidudzira pachaRo. Oo, ini zvangu!

212 Zvakazarurwa 9:1, pasi peHwamanda yeChishanu, mambo wavo. . . Cherechedzai, Zvakazarurwa 9:1 zvino, mambo weboka guru iri remabhiza 200,000. Aiva namambo pamusoro pawo, uye, kana tikacherechedza, yakanga iri nyeredzi yakawa. “Ko wagowa sei kubva kudenga, O Rusiferi?” Oo, Chiremba Smith vakanyatsozvihiringidza sei kumusoro uko, asi, zvakanaka, munoona, zvakanga zvisiri zvenguva yavo. Maona? Zvakanaka. “Raiva gomba risina hwaro; mambo wavo akanga ari mambo wegomba risina hwaro.”

213 Zvakazarurwa 17:8. Ndanyora chimwe chinhu pasi pano. Ndichatongoiverenga. Munoona pano, Zvakazarurwa 17:8. Ndinoda kuona kuti inoti kudii pano, nokuti handizive kuti ndosvika sei pane inotevera yacho, 17:8.

*Zvino chikara chawaona chaivapo, uye hachichipo; uye chichakwira chichibva mugomba risina hwaro, uye chichaenda kundoparadzwa: uye avo vanogara panyika vachashamiswa, ivo vasina kunyorwa mazita avo mubhuku yo—youpenyu kubva pamavambo enyika, pavakaona chikara chaivepo, hachichipo, uye chichiripo.*

214 Munoona, “chaivepo,” mumwe papa anofa, mumwe anosimuka. “Chikara chaivepo, chisisipo, chiripo; chisisipo, chiripo.” Hachishandure hurongwa hwacho; ndipapa, panguva imwe chete, zvose. Zvinhu zvose zvinofanira kupinda muhurongwa humwe chete.

215 Zvino chichasvika kupi? “Kumakomba asina hwaro.” Uye Bhaibheri rakataura pano, kuti, “Mutungamiri wemachinda aya aibva kumakomba asina hwaro, uye ndiye aiva mambo wavo,” uye agere nekorona iri muhutatu, uye achibataniidza maProtestanti pamwe naye.

216 Ndakanzwa mumwe muprisita weLutherani achiti, rimwe zuva, akati. . . kana kuti, muparidzi weLutherani, akati, “Zvinoka, vanhu vanondibvunza kuti sei ndichipfeka ko—kora. Vangazoziva musiyano wangu chirudzii kubva kune. . .” Maivapo here? [Imwe hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Ehe. Zvino, izvozvo, zvaisava hupenzi here? Nda—ndakanzwa sendichatorutsa, ndokubva ndafamba kubva papuratifomu. Vakati, “Nekuti, havafanire kuva nemutsauko.”

217 Kana Luther, Martin Luther, akanzwa izvozvo, anotogumbuka chaizvo, oti, “Imi vanyengeri, hamusi veboka rangu imi.” Uh-huh. Maona?

Asi munoziva kwazvasvika? “Hapana mutsauko.”

218 Pane musiyano. Zvinotosiyana kunyangwe pamunhu mumwe nemumwe. Mwari vakati, “Ndipatsanurirei, zvino Pauro naBhanabhasi,” ndizvozvo, “kuitira basa.” Patsanurai! Mwari mupatsanuri, havasi musanganisi. Mupatsan- . . . Chechi inoda musanganisi akanaka, nhasi, anogona kuvarega

vachipfeka hanzu dzekushambirisa, nezvikabudura, nezvimwe zvoze, vobuda uye voenderera mberi saizvozvo. Asi Mwari vakati, “Ndipatsanurirei!” Zvipatsanure kubva kunyika!

<sup>219</sup> Zvakazarurwa, tinoona pano, kuti, “mambo wavo aibva kumakomba asina hwaro,” uye mumwe chete iyeye “akapinda mukuparadzwa,” achipinda nekubuda, achipinda nekubuda, akabuda.

<sup>220</sup> Cherechedzai muna Revhitiko, chitsauko 23, idudziro yakakwana zvakadii pamwe nehurongwa uye neShoko, pamwe nezvatiri kuedza kupa iye zvino. Tarisai izvi zvino, hurongwa. Zvino tinocherechedza. Ngatingovhurai tozviverenga kwechinguvana. Muna Muparidzi- . . . kwete muna Muparidzi, asi Revhitiko. Revhitiko 23, zvino cherechedzai izvi pano, Revhitiko chitsauko 23 zvino. Uye hatidi kupotsa izvi zvachose, zvino, kuti tigone kuzvibata chaizvo nenziira iyo Ishe vakazvinyora nayo pano kwatiri. Zvirokwazvo handigone kuwana Revhitiko muna Eksodho, ndingadaro here? Zvakanaka, Revhitiko zvino. “Zvino Ishe . . .” 23.

. . . *JEHOVHA wakataura naMosesi, achiti,*

*Taura kuvana vaIsraeri, uti, Mumwedzi wechinomwe, pazuva rokutanga romwedzi, muchava nesabata, rangaridzo yekuridzwa kwehwamanda, uye neungano tsvene. Maona?*

Muchaita . . . basa ravaranda mariri: asi hamufaniri kupirisa . . . zvipiriso *zvinoitwa nomoto* kuna *JEHOVHA*.

. . . uye muchapirisa *chipiriso chinoitwa nomoto* kuna *JEHOVHA*.

<sup>221</sup> Zvino tarisai. Zvino cherechedzai.

*Zvino JEHOVHA wakataura . . . Mosesi, achiti,*

*Zvakarewo muZuva regumi romwedzi wechinomwe pachava nezuva rokuyanansira: . . .*

<sup>222</sup> Munoono, yananiso yakatevera . . . Tarisai zvino. Yananiso yakatevera kurira kwehwamanda. Maona? Zvakanaka sei! Maona? Zuva reyananiso raitevera hwamanda.

<sup>223</sup> Zvino—zvino, mazuva 50 ehwamanda, kwatiri, anofananidzira pakarira hwamanda papentekosti, aiva mazuva 50. Zvino—zvino—zvino, mushure meizvi, maJudha vakairamba Iyoyo.

<sup>224</sup> Zvino Hwamanda idzi dziri kuzovadana kuti vadzokere kuYananiso iyoyo, munoono, Yananiso yavakaramba. Uye vakaramba kuti maziso edu agozarurwa; avo akanga avharwa. Uye munguva iyi, Zvisimbiso izvi zvakavhurwa, uye hwa—hwa—Hwamanda dzakaridzwa. Uye zvino, mukuridzwa kweHwamanda, nguva shoma Mesiya asati auya, nokuti vanofanirwa kunge vari muParastina. Uye rangarirai kuti

Mwari vakatozomesa moyo waFarao, kuti avadzingire kunze kweEgipita; zvino Vakaomesa Stalin, Mussolini, nevose ivavo, kuti vavadzose munyika yechipikirwa, uko 144,000 vanofanirwa kunge vari.

<sup>225</sup> Uye zvino, kekutanga kwezviuru zvemakore, makore 2,500, kuti Israeri yave nyika ine mureza wayo, mauto ayo, nezvose, uye inotoverengwawo mu—muUN. Kekutanga kayakave nyika. Mureza wekaresa wati wambobhururuka panyika, panguva ino, wobhururuka zvakare, iya 5...nyeredzi ine makona 6 yaDhavhidhi. Akati Aizosimudza mureza iwoyo mumazuva ekupedzisira, paachange achidzoka. Tave kumagumo. Hapana kana kupokana pazviri. Tasvika.

<sup>226</sup> Cherechedzai zvino, nekukurumidza, Zvakazarurwa 9, pasi pehwamanda 7, “mambo wavo anobva kumakomba asina hwaro.”

<sup>227</sup> Zvino muna Revhitiko, zvino, idudziro yakakwana zvakadii pano pamwe neShoko! Nokuti, munoona, pakarepo mushure mazvo, jubheri repentekosti kwaitevera zuva reyananiso; hurongwa hwenguva yemutambo. Pakati pemutambo wepentekosti, kuyanano, ruzha rwehwamanda kuitira yanano, waiva mutambo wepentekosti, chikamu chakareba chenguva. Tarisai, paiva nechikamu chakareba chenguva pakati pemutambo wepentekosti, kusvika pakudana kwe—kwehwamanda...kurira kwehwamanda, hwa—hwamanda kuti dzigoridzwa; nguva yakareba chaizvo. Kutaura chokwadi, aive mazuva 50, kubva pa—kubva pa—kubva pamutambo wepentekosti kusvika kumutambo weyanano, aiva mazuva 50. Zvino, mazuva 50 chaizvoizvo masabata 7.

<sup>228</sup> Uye masabata 7 ndiwo makore 7 echechi, Mazera eChechi. Mazvibata here? Maona? Maona? Zvino, maJudha aive akapofomadzwa, akamirira nguva yose iyi, ukuwo Zvibereko zvekutanga zvepentekosti zvakanga zvichidururwa paChechi. Uye takadzika nemumazera evakafira chitendero, ndokudzika nemumazera evavandudzi, uye zvino muzera rekudanirwa kunze; zvikamu 3, Mweya mumwe chete; saBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, Mumwe chete. Maona? Asi, Mazera Manomwe eChechi, ari iwo masabata 7.

<sup>229</sup> Masabata 7 chaiwo kubva pa—kubva pahwamanda yeJubheri yepentekosti...mutambo wejubheri wepentekosti, kusvika...Kuzunguzwa kwechisote, uye tevere jubheri repentekosti. Zvino kubva pajubheri kusvika payananiso pane masabata 7, mazuva 50, uye pakupera kwemazuva 50 ndipo pa—panoitwa yanano. Mazvibata here? Zvino, uye uyu wanga uri mufananidzo, uyo Chechi... .

<sup>230</sup> PaAkazarurwa, pachaKe, seMwanakomana waMwari, anga achizarura kuChechi murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvichidzika nemumazera, mu—muzera repentekosti, munoona.

Zvichingoramba zvichiwedzera nekuwedzera; kururamiswa pasi paLuther, kucheneswa pasi paWesley, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

<sup>231</sup> Zvino heino nguva yekudanira kunze. PaChisimbiso cheChitanhatu, pacha—pachakazaruka, kutambudzwa kwakarova maJudha, chaizvoizvo pakutoitika kwazvo; zvino hekuno kutambudzwa kwechechi kuchiuva, mumamiriro ezvekunamata; nokuti, Mwenga wakatodanwa kare. Masabata akapera, uye agadzirira kuti maJudha adanwe. Kupi? Mutambo weYananiso. Oo, chechi, hamusi kuzviona here? Yakadanwa kumutambo weYananiso, (chii?) kuti icherechedze Yananiso; pasisina zvakare huku nemahanzi, nezvavanga vachiita. “Gwayana raMwari, rakabayiwa kubva pamavambo enyika,” Israeri ichaZviziva.

<sup>232</sup> Cherechedzai, hechino chinhu chikuru. Tarisai! Oo, ini zvangu! Mweya Mutsvene wanga wakasungwa nemasangano, makore 2,000 ose aya. Tinoona kuti, Wanga wakasungwa. Zvino cherechedzai masabata, masabata 7, haana kukwanisa kubuda nzira yose kunze. Bha—Bhaibheri rakati, “Kuchava nezuva richange risiri husiku kana masikati.”

<sup>233</sup> “Zvino Magwaro ose,” Jesu akati, “anofanira kuzadziswa.” Ndizvo here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>234</sup> Muporofita akati, “Pachave nezuva risingazonzi masikati kana husiku, asi munguva yemanheru kuchava neChiedza.”

<sup>235</sup> Chaiva chii? Zuva rimwe chete rinopenya kuMabvazuva ndiro zuva rimwe chete rinopenya kuMadokero.

<sup>236</sup> Nguva imwe neimwe zuva iroro parinobuda, rofamba richidarika rononyura, zvinoreva hupenyu hwako. Mwana muduku achizvarwa, harina simba, mangwanani. Dzingaite 8 o'clock, rinoenda kuchikoro. Na 11:30, rapedza chikoro, kwave kupisa kwezuya. Zvino rinotanga kunyura, kusvika makore 50, 60, 70, 80, 90 okuberekwa. Rinonyura mhiri uko rofa; rozongodzokazve zuva rinotevera, zvino roti, “Kune hupenyu, rufu, kuvigwa, rumuko.”

<sup>237</sup> Uye, cherechedzai, budiriro yehungwaru yakafamba pamwe nezuya. Budiriro yekaresa yatinayo iChina. Munhu wese anoziva izvozvo.

<sup>238</sup> Mweya Mutsvene wakaburukira kupi? Kunyika dzekuMabvazuva, pavanhu vekuMabvazuva. Uye Vhangeri rakafamba pamwe nezuya. Rakabva kupi? Kubva uko kuMabvazuva, kunopinda muGermany, kubva kuGermany kuenda kuEngland. . . Rikayambuka mukaha wemunyanza ka 3. Mediterranean kunopinda muGermany, kubva kuGermany. . . Kubva kuMediterranean, kubva kuMabvazuva, kupinda muGermany, nemuMediterranean; kubva kuGermany, kuyambuka English Channel, kupinda muEngland; kubva

muEnglish Channel, kuyambuka Pacific kuenda mhiri kunopinda . . . kana kuti kuAtlantic, kuenda kuUnited States.

<sup>239</sup> Uye zvino rava kuWest Coast. Rakayambuka nyika yarakapa budiriro ndokuyambuka, ndokuenderera mberi. Budiriro yehungwaru yakafamba; Vhangeri rikafamba pamwe nayo. Zvino matakanana ese ari kuWest Coast, uko zvese yakatora, semafungu emvura achiuya.

<sup>240</sup> Asi muporofita akati, “Mwanakomana haasi kuzopenya nemuzuva rino; richava zuva rakangodzimaizika.” Vakava neChiedza chakakwana, sezuva rine mvura iri kunya chaizvo, vaigona kujoinha machechi, uye votenda Ishe, nezvimwe zvakadaro. Asi, akati, “Munguva yemanheru, makore achasuduruka, masangano achanyangadika.” Zvino Vhangeri rimwe chete, Shoko rimwe chete rakaitwa nyama, sezvaAkavimbisa muna Ruka 17:33. Vhangeri rimwe chete, rine chinhu chimwe chete, raizoitika panguva yemanheru, mimvuri painenge yava kudzikira. Vhangeri rimwe chete, Kristu mumwe chete akararama munyama kareko pakutanga, pavanhu vekuMabvazuva, achararama zvakare muvanhu vekuMadokero panguva yekupedzisira. “Kuchava neChiedza munguva dzemanheru.”

<sup>241</sup> “Magwaro ose anopihwa nekufemera,” uye haagone kutyorwa.

<sup>242</sup> Mazuva 50 makuru akapfuura. Mutambo wepentekosti wakapfuura, masabata manomwe; kusvikira hwamanda dzacho, mufananidzo weZera reChechi yeChinomwe. Rangarirai, rangarirai, iyo . . . pasi peHwamanda yeChitanhatu, muJudha . . . Muri kuteerera here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Pasi peHwamanda yeChitanhatu, ma—maPentekosti vanoramba Bhaibheri; va—vane kakudziya, kwete maPentekosti chete, vose zvavo. Nyika yemachechi inoramba Kristu uye Anoiswa kunze. Uye muHwamanda imwe cheteyo . . . Uye Chisimbiso chimwe chetecho, waro, paChakazarurwa, kuratidza Jesu ari kunze kwechechi, achiedza kudzokera mukati; panguva imwe cheteyo, Hwamanda inorira kumaJudha, uye maJudha anocherechedza Yananiso. Girori! Hareruya! Oo, ini zvangu!

<sup>243</sup> Mweya Mutsvene wanga wakasungwa panzizi dzemasangano idzi, kwemakore angada kusvika 2,000, asi uri kuzosunungurwa munguva yemanheru, neMharidzo yenguva yemanheru. Mweya Mutsvene uchidzoka muChechi zvakare; Kristu, pachaKe, achizarurwa ari munyama yemunhu, munguva yemanheru. Akataura. Akazvivimbisa.

<sup>244</sup> Paiva nematanho 3 azvo, sezvandambotaura. Vakafira chitendero, zera revakafira chitendero, nokuda kwazvo; uye tevere danho revavandudzi; uye zvino inguva yekudanira kunze.

<sup>245</sup> Kana zvapera, paZera reRaodhikia, maringe naZvakazarurwa 10, chakavanzika cheBhaibheri rose

chichazozivikanwa kuMwenga. Ndizvo here? Zvakazarurwa 10. Nyatsoteererai zvino. Uh-huh. Mwenga, wakadanirwa kunze neShoko; Kristu pachaKe achidana Mwenga, achijekesa VaHebheru 13:8, kuti ndiYe “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” anoita zvimwe chete, ndiye mumwe chete. “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo zvakare.” Maona? Ruka 22. . . Kana kuti, Ruka 17:30, uyewozve naMaraki 4, VaHebheru 4:12, Magwaro ose aya akavimbiswa, izvi zvichange zviri pakati peChisimbiso cheChitanhatu necheChinomwe, neHwamanda yeChitanhatu neyeChinomwe.

<sup>246</sup> Mutambo wePentekosti unopera panguva yeHwamanda yeChinomwe, nekuti chinotevera ndiko Kuuya kwe. . . Chisimbiso cheChinomwe, nokuti chinotevera ichakavanzika cheKuuya kwaKristu, uyewo, zvakare, Hwamanda inorira kumaJudha. Hwamanda yavo yeChitanhatu inorira, uye, kana yadaro, inozivisa kwavari Mwanakomana waMwari akazarurwa; chikamu chehafu yeawa. Rangarirai, Hwamanda dzose dzinorira paChisimbiso cheChitanhatu ichi. Chisimbiso cheChitanhatu chinopedzisa chakavanzika, pasi peChisimbiso cheChitanhatu, nguva shoma cheChinomwe chisati chazarurwa.

<sup>247</sup> Cherechedzai, heino Revhitiko 23:26. Magwaro ari muhurongwa chaizvo! Mushure menguva refu yepentekosti, iyo Israeri yakaramba kumashure uko; zvino Vakadana Chechi yeMarudzi kunze, kubudikidza nemutambo uyu wepentekosti. Vangani vanonzwisisa kuti mutambo wepentekosti chii? Chibereko che. . . chibereko chekutanga chegoho, chibereko chekutanga cherumuko, mutambo wepentekosti.

Musapotsa izvi, vanhuwee! Uye, nemi vari patepi, nyatsoteererai!

<sup>248</sup> Iyi ndiyo yanga iri nguva yemutambo wepentekosti. MaJudha vanga vakangonyarara havo; vakaUramba. Zvino vanofanira kudanwa kuti vadzoke kuYananiso. Tinoziva kuti Yananiso aive Ani; havana kuziva. Uye kurira kweHwamanda, mushure mejubheri repentekosti, kunodanira maJudha pamwe chete. Hamuone here kuti Hwamanda iyoyo, yekutambudzwa iri pasi paHitler nevamwe, yakarira sei? Uye maJudha akamanikidzwa kuuya pamwe chete, kuzozadzisa Magwaro.

<sup>249</sup> Zvino mazvibata here? Vese vazvibata, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Horaiti.

<sup>250</sup> Cherechedzai pano muna Revhitiko, 26 zvino, hurongwa hweMagwaro. Mushure menguva refu yepentekosti, inoguma pakudanwa kweMwenga, Mwenga unodanwa nemuranda. Nyakurambwa, tevere, ozoziviswa kuIsraeri, mutambo weYananiso. Cherechedzai, hezvinoi zvimwe chete semuna Revhitiko chitsauko 16, zvino, paVakaraira mutambo wepentekosti. . . kana kuti mutambo weyananiso, asi panzvimbo iyi vanodanwa. . .

<sup>251</sup> Oo, zvakakwana sei! Zvibatei, vaparidzi. Maona? Musazvipotsa, vashumiri.

<sup>252</sup> Mumutambo uyu wepentekosti, unomiririrwa muna Revhitiko 23:26, kana kuti 23 ne 24, mutambo wekuchema, kwete mutambo, wekuuraya. Mutambo wakauraiwa... Yananiso yakauraiwa, waro. Yananiso yakauraiwa. Revhitiko 16, inonyatsoenderana naro. Bedzi, munzvimbo iyi, yakadana Israeri kuti vacheme nekuda kwezvivi zvavo. Zvakanyatsokwana chaizvo, nhasi! Hakusi kuHurayazve; izvo, zvakaratidzwa naMosesi, nekurova dombo kechipiri; hazvina kushanda. Kwete kuuraya, kwemutambo; asi kuchema, nekuda kwekuramba Yananiso. Oo, ini zvangu! Iyi ichange iri Hwamanda; mutambo, ucharambwa, zvino Mesiya wavo achaziviswa.

<sup>253</sup> Cherechedzai, vachaziva Mesiya wavo pavanoMuona. Ari kuuya musimba, nguva ino, Uyo wavaitarisira. Ari kuuya musimba, achivinga Mwenga weMarudzi, uye maJudha vachaMucherechedza. Uye zvakare Bhaibheri rinoti... Tichangobva kuparidza nezvazvo pano, kuda mwedzi 6 yapfuura, kana kudarika. Bhaibheri rinoti, pavanoti, “Makawanepi maronda iwayo?” Vangani vanorangarira Mharidzo yacho? Simudzai ruoko rwenyu. Chokwadi, iwe... Maona? “Makawanepi maronda iwayo?”

Akati, “Muimba yeshamwari dzaNgu.”

<sup>254</sup> Munondirangarira ndichiparidza nezvengu—nguva iyo Jakobho akanga atumira vana veIsraeri zasi ikoko kunotora zvinhu, nechikafu nezvinhu, uye kuti Josefa akaita sei sekunge asingavazive; uye kuti zvinhu zvose izvi zvakaenderera mberi sei, ndokubva azvizivisa pachake? Munorangarira? Zvino vakatya zvikuru, vakatanga kuchema. Zvimwe chete nedambudziko raJakobho.

<sup>255</sup> Uye pano tinoona maJudha ari pasi pekutambudzwa; havazive pavakamira zvino, asi vari kudzoka.

<sup>256</sup> Uye pavanoona Yananiso ichionekwa, Bhaibheri rakati, “Pavakazviona,” vakati, “vaizopatsanurana imba imwe neimwe, uye vochema kwemazuva, se—semhuri yakarasikirwa nemwanakomana wavo mumwe oga. ‘Makawanepi maronda iwayo?’”

Akati, “Muimba yeshamwari dzaNgu.” Maona?

<sup>257</sup> Rangarirai, Mwenga unenge watova Kudenga kare; mudzimai waJosefa akanga ari mumuzinda. Zvino Josefa akabvisa zvinhu zvose zvaiva zvakamukomberedza, akazvizivisa kuhama dzake; munoono, Mudzimai waKe nevana nevamwe vakanga vari mumuzinda paAnodzoka kuzoZvizivisa kumaJudha. Heyoka Yananiso yacho. Heyoka Hwamanda yenyu inorira. Hapoka pavanoti, “Oo!” Chiiko ichi? Heyoka Yananiso yacho. “Ko maronda iwayo akabvepi?” Hezvoka izvo.

“Muimba yeshamwari dzaNgu.”

258 Munorangarira zvakataurwa nevakoma vaJosefa? Handiti, vakati, “Zvino tichauraiwa, zvechokwadi chaizvo. Takaita izvozvo. Takaita zvakaipa saizvozvo.”

259 Iye akati, “Kwete, Mwari vakaita izvi kuti vaponese hupenyu.” Munorangarira nyaya yacho, muna Genesi? Maona? Maona? Saka Vakazviita nenzira iyi, kuponesa hupenyu hweMarudzi, Mwenga. Akati, “Ndakaawana muimba yeshamwari yaNgu; asi musatsamwa henyu, munoona, musazvityira henyu.”

260 Vanoti, “Oo, ini zvangu! Takatotadza chaizvo kuMuona here? Ndiyo yaiva Yananiso here, uye tikaipotsa? O Mwari!” Zvino vakati, “Vanongozvipatsanura, uye vochema kwemazuva.” Chii ichocho? Yananiso; kusuwa. Nguva ino, kuuya kwekuzivisa, Yananiso, handiyo yananiso yenguva dzose iri kuurairwa, seiri muna Revhitiko 16. Asi Revhitiko 23 inguva yekuchema, nekuda kwezvivi zvavo. Uye, zvivi zvavo zvaiva kuti, vakaIramba.

261 Oo, hamusi kuona here patiri? Hamusi kuona here kuti sei Hwamanda idzodzo dzisina zvadzinoreva kwatiri? Dzose dzakarira pasi peChisimbiso chedu cheChitanhatu. Munoona zvino kuti sei Mweya Mutsvene usina kunditendera kuti ndizvitaure? Zvino Baba veKudenga vanoziva, neBhaibheri iri pamberi pangu, kuti iChokwadi. Handina kuzviziva kusvika nezuro, marimwezuro; umu mukamuri yangu maAkazvizarura, akauya kwandiri ndokutaura neni. Ndakadzoka, ndikati, “Mudzimai, ndazvibata zvino. Achangobva kusangana neni umu ndokundiudza. Hezvinoini izvi, mudiwa.” Maona? Munoona, hezvoka izvo, munoona, zvichinyatsoenderana chaizvoizvo zvakakwana.

262 Oo, vanhu vasinaYe, pindai nekukurumidza! Unogona kunge uri mukana wekupedzisira wauchazombokwanisa kuva nawo. Hauzive nguva yaAnogona kuuya.

263 Mutambo wehwamanda. Bhaibheri rinoti, “Vaizozvipatsanura, mumwe kune mumwe, uye vonamata nekuchema, nekuti semunhu ane mwana wake mumwe chete arasika.”

264 Tarisai, ndinoda kutaura chimwezve chinhu. Nepedyo zvino; musazvipotsa izvi. Zvinoshamisa zvikuru! Kubva kuMharidzo yemutumwa wechinomwe (mutumwa weChisimbiso cheChinomwe) muna Zvakazarurwa 10, yaiva Chisimbiso cheChinomwe, kuHwamanda Nomwe, pakati penguva mbiri idzodzo . . .

265 O Mwari, tingataura sei iZvi, kuita kuti vanhu vaZvione?

266 Zviri pakati peHwamanda yeChitanhatu iya, neHwamanda yeChitanhatu uye. . . Hwamanda yeChitanhatu neChisimbiso cheChitanhatu zvinorira penguva imwe chete. Uye pakati

peHwamanda yeChitanhatu neHwamanda yeChinomwe, pane muporofita anoonekwa pamberi peMarudzi, kuti adane vanhu kuti vadzokere kuDzidziso yepentekosti yepamavambo; uye nezvapupu 2 zvemuna Zvakazarurwa 11 zvinooonekwa kumaJudha, kuvatumira kuna Jesu, apo Chechi ichitorwa kuenda kumusoro. Vose zvavo, vaporofita! Amen! Shoko raShe harigoni kutyorwa. Harisi kuzova sangano! Muri kuzviona here?

<sup>267</sup> Verengai muBhuku renyu pano muone kana izvozvo pakati peHwamanda yeChitanhatu neyeChinomwe zvisina kuiswa imomo, kuita kuti maJudha agodanwa pakati peDenda reChitanhatu neRechinomwe, takasvika uko kune 144,000 kaya (munozvirangarira here?), vaive pakati pawo. Munorangarira here? Pakati peche—che—cheChitanhatu, Chisimbiso cheChishanu neChisimbiso cheChitanhatu... Pakati peChisimbiso cheChitanhatu neChisimbiso cheChinomwe, paiva nekudanwa kwe 144,000. Munozvirangarira here? Zvino ndipo panouya hwamanda idzi ipapo chaipo, munoona, nekutambudzwa, nemabhiza akasunungurwa ipapo.

<sup>268</sup> Zvino, pakati paizvozvo, ipapo paizova neMharidzo yemutumwa wechinomwe, uyo aiparidza nekupomera maPentekosti. Uye Jesu akanga adzingirwa kunze; aisazoshandidzana nemunhu chero upi zvake, onge abuditswa kunze, arambwa. Bhaibheri rakataura kudaro. Nokuti, ndiKristu ari kuratidzwa pakati pedu, Jesu ari pakati pedu tose, achiratidzwa mukuchena kweShoko raKe, achiRizivisa. Uye kana zviri...

<sup>269</sup> Izvi hazvisi zvekungonyepedzera, shamwari. Iyi iZVANZI NAJEHOVHA, Magwaro.

<sup>270</sup> Uye panguva imwe cheteyo... Zvino, kana Chechi iyi (Mwenga) mushure mekunge yangounganidzwa pamwe chete, Inobva yabvutwa; zvino chakavanzika ichocho cheChisimbiso cheChinomwe, kana kuti Chisimbiso cheChinomwe, chakavanzika chekuenda. Zvino maJudha anodanwa nechakavanzika cheHwamanda yeChinomwe, inova iyo vaporofita 2, Eria naMosesi, zvino vanodzoka. Zvino ndipo panovhiringidzika maPentekosti; vari kutarisira kuti chimwe chinhu chiitike; Chechi yatoenda kare. Zvino izvo ndezve kumaJudha.

<sup>271</sup> Zvino, ndiri kunzwa mupfungwa dzemumwe munhu, achiti, “Haangambova Mosesi uyo.” Hongu, ndiye. Zvino, rangarirai, Anogona kundiudza pfungwa dzenyu. Uh-huh. Uh-huh. Ndinoramba ndichinzwa izvozvo re-... Zvakanaka.

<sup>272</sup> Regai ndikutwasanudzirei ipapo. Aiva Mosesi. Nekuti, heino pfungwa yenyu. Unotaura, kuti, “Mosesi, haaignona kunge ari Mosesi, nokuti Mosesi akafa.” Unofunga kuti ndiEria. NdiEria, ichokwadi. Apo, unofunga kuti, “NdiEnoki.” Unoti, “Mosesi akatofa kare.” Asi, rangarirai, aigona kudzoka kuhupenyu

zvakare. Akazviita. Makore 800 akatevera, mazana emakore akati kuti akazotevera, akaonekwa paGomo reKushandurwa. Unoti, “Mushure mekunge murume uyu atofa?” Hongu, changamire. Razaro akanga afa; akamutswazve; uyezve akatozofa zvakare. Maona? Chokwadi. Uh-huh. Uye kunyange vakaipa vachamutswa kuhupenyu zvakare, uye vozofa havo rufu rwechipiri. Ndizvo here? Saka bvisa izvozvo mupfungwa dzako. NdiMosesi. Tarisai shumiro yenyu, chaizvoizvo zvakaitwa naMosesi naEria; vakavhara matenga ndokupfapfaidza moto piri. Munoziva chinhu chavakaita.

<sup>273</sup> Pafungei ipapo! Inguva yekupedzisira, vanhuwee. Hareruya! Zuva guru raShe raswedera. Zviunganidzei pamwe chete. Mutambo waMesiya; vachaMuramba, uye vachazoono kuti hoyoka Mesiya wavo. Bhaibheri rakataura zvinhu izvozvo zvinoshamisa zvakadai zvaizoitika.

<sup>274</sup> Muna Zvakazarurwa 11, kudana, shumiro yavo ichava shumiro yaMosesi naEria vachidanira Israeri, kubva mutsika dzechiJudha; sezvakangoita Mharidzo yemutumwa wechinomwe yakadana Mwenga kubva mutsika dzechiPentekosti. Rangarirai, Mosesi naEria vari kuzodana Israeri kubva muyanano yekare yegwayana, nemakwai, neropa, nembudzi, nechibairo, kuenda kuChibairo chechokwadi chinorarama, kuShoko.

<sup>275</sup> Uye Mharidzo yemutumwa wechinomwe, pasi peHwamanda imwe cheteyo, zvinhu zvese zvakafanana chaizvo, Chisimbiso chimwe chete, ndeye (kudii?) kudana vanhu, Mwenga, kuti vabude muPentekosti netsika dzenyika, kuenda kuYananiso yechokwadi, Shoko, Kristu akaitwa munhu muShoko raKe pano, akaitwa nyama pakati pedu. Sainzi yakazviratidza, nemifanidzo. Chechi inozviziva, pasi rose. Tinozviziva vizere, nekuti haAna kumbotiudza chimwe chinhu muna ZVANJI NAJEHOVHA kunze kwekunge chiri Chokwadi. Haana here kuti, zasi uko kurwizi, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa, naizvozvowo Mutumwa uyu achaburitsa . . .”

<sup>276</sup> Ndatarisa mudenga, zvino dzava 12 o'clock. Nguva yepakati pehusiku yasvika, shamwari, patiri chaipo. Munoono kuti Gwaro rakakwana zvakadii? Rakakwana, kuti iRo . . .

<sup>277</sup> Izvozvo, tarisai, harisi kuzova rimwe sangano richaenda zasi ikoko kunodana maJudha. Vachange vari varume 2, Mosesi naEria. Vose vari vaviri, vaporofita.

<sup>278</sup> Zvino tarisai. Kunodana veMarudzi, Mwenga kuti ubude, Vakavimbisa muna Maraki 4 kuita zvimwe chetezvo.

<sup>279</sup> Uye Bhaibheri rakati Aizodzingwa kubva muchechi, muZera reChechi yeChinomwe. Aizodzingwa muchechi. Ichanyatsova murima zvachose, uye yova . . . Inopinda murima papi? Inopinda muhurongwa uhwu hwezvemachechi, mukanzuru yemachechi iyi, Mubatanidzwa wemaChechi ePasi Rose. Mudzimai . . .

Akanyatsobuditswa zvizere. Shoko raKe, havagone kuwirirana naRo. Munoziva kuti havakwanisi. Havatombokwanisi kubvumirana mumapoka avo madiki emunharaunda; vangabvumirana sei mune iRoro? Saka, vanотора mumwe munembo wechikara, mufananidzo wechikara. Rangarirai, Bhaibheri rakati, “Paiva nemufananidzo wakagadzirirwa chikara.”

<sup>280</sup> Uye United States ino yakagara iri nhamba 13. Yakatanga nematunhu 13, nyika 13; nyeredzi 13, mitsara 13; nhamba 13, uye nguva dzose mudzimai. Inoonekwa muchitsauko 13 chaZvakazarurwa. Uye, kutanga, igwayana; hunyoro, rusununguko rwekutura, rusununguko rwekunamata, nezvimwe zvakadaro; uye ndokubva vagamuchira simba, ndokutura nesimba rose raiva neshato yakaitangira. Chii ichocho? Shato yaive chii? Roma. Munoono, yaive nemucherechedzo, mufananidzo wechikara, kusimuka uchirwisa Chechi yaMwari yechokwadi. Pasi pemasangano iwayo, ichatambudza chinhu ichi! Asi, pavanotanga kuzviita:

Gwayana richatora Mwenga waRo kuti ugare narinhi parutivi paRo,  
Hondo yose yeKudenga ichange yakaungana;  
O, chichava chionwa chinobwinya, vatsvene  
vose vakapfeka zvichena zvisina gwapa;  
Uye naJesu vachadya Nokusingaperi. Amen!  
“Huyai mudye,” Tenzi vari kudana, “Huyai  
mudye.” (Ameni!)

<sup>281</sup> Izuva rakadini ratiri kurarama mariri, nguva yacho! Mhanyai, vanhuwee, tizai nehupenyu hwenyu!

<sup>282</sup> Cherechedzai zvino, mukuvhara, shumiro sengirozi yechinomwe. Zvapupu 2, pasi peHwamanda Nomwe, nguva shoma isati...kana kuti, Hwamanda yeChitanhatu, nguva shoma Hwamanda yeChinomwe isati yap-...

<sup>283</sup> Zvino, rangarirai, uye ndakuudzai kuti ndichadzosa iyi, “Hwamanda Huru.” Akati, Aizoita sei, neche apa muna Isaya? Akataura, pa... “Hwamanda Huru yaizorira. Hwamanda Huru!” Kwele Hwamanda zhinji zvino, mutambo wehwamanda; pane 2 vavo, Mosesi naEria, vanodana Hwamanda imwe. Asi, pasi pe “Hwamanda Huru,” Kuuya kwaShe, kuzivisa Josefa achidzoka, munoono, kuti marudzi ose anozoungana paJerusarema. Amen. Munozviwana izvozvo muBhuku raIsaya. Ndichangobva kuzvipa kwamuri, nguva shoma yapfuura, chimwe chezvitsauko izvozvo zvataverenga; zviri muna Isaya 18:1 ne 3. Uye muna Isaya 27:12 ne 13, ndipo paAnoridza “Hwamanda” iyoyo, uye marudzi ose achacherechedza Israeri iri munyika yayo, Mwari vainayo.

<sup>284</sup> Zvino Mwenga achauya kuzova pamwe neChikomba, uye Chikomba pamwe neMwenga; uyezve Mireniyamu huru,

mushure mekunge nyika yose yaparadzwa nesimba reatomiki. Uye kuchava ne “matenga matsva nenyika itsva,” zvichararama nokusingaperi.

<sup>285</sup> Tarisai, pasi chaipo...Zvino cherechedzai, shumiro yaMosesi naEria icha...Zvino, munhu wese mazvibata here? Regai ndizvitaure zvakare. Shumiro yaMosesi naEria, pakati peHwamanda yeChitanhatu neyeChinomwe, vachange vari vaporofita 2 vacha...ivo...Israeri inogara ichitenda vaporofita vayo.

<sup>286</sup> Zvino, sei Mweya Mutsvene wakati kwandiri pandakatanga kuendako, kunovaraidza kuti Aive Mwanakomana waMwari, ukati, “haisati yava nguva yacho”? Munozvirangarira here, anenge makore 5 apfuura, ndiri munzira yangu kuenda kuIndia? Akati, “Usazviita.”

<sup>287</sup> Ndakati, “Vakati, ‘Kana uyu ari iye Mesiya, ngatiMuonei achiita chiratidzo chemuporofita. Tinotenda vaporofita.”

<sup>288</sup> Hama Lewi Pethrus nevamwe vakanditumira maBhaibheri iwayo; pavakapa mamiriyoni awo kumaJudha iwayo vachibva kuIran nekweise, vachidzoka, vachizviunganidza pamwe chete, vakava nyika.

Ndakafunga, “Ino ndiyo nguva yangu.” Ndakanga ndatova...Cairo, Egypt.

<sup>289</sup> Wakati, “Usazviita iye zvino. Nguva yacho haisati yakwana.” Ndakabva ndadzoka kumba. Uh-huh. Oo, ini zvangu!

<sup>290</sup> Mosesi naEria vanofanirwa kudana. Jubheri repentekosti richiri kuenderera mberi, kana kuti ranga riri kusvika panguva ino. Maona? Zvino mutambo weHwamanda unofanira kuzivikanwa. Zvino uyu ari neche apa waMaraki 4 haana paanobatana neuyo ari uko; kwete zvachose, kwete zvachose. Cherechedzai, tarisai pano, shumiro yacho ichange iri Mosesi naEria, vachishandura nekudana Israeri kubva kutsika dzechiJudha, teererai, kubva kutsika dzechiJudha dzavakanga vakavhiringidzika madziri. Zvavari vaporofita, vachatenda—vachamutenda, kuvadanira kumutambo weYananiso, Kristu, kuvaita kuti vacherechedze Kristu. Vachati, “Ari kuuya. Achange ari pano.” MaJudha achange achiungana, zvinhu zvakadaro.

Uye zvakare paAnouya, oti, “Hepano paNdiri.” Maona?

“Ko Makawanepi mavanga iwayo?”

“Muimba yeshamwari dzaNgu.”

<sup>291</sup> Zvino, zvimwe chete sezvakaitwa nevaporofita 2 ivavo! Rangarirai, Mwenga weMarudzi uri kuzova nemuporofita, anonzi Eria, Eria, ari kuzovadana kuti vabude mutsika dzavo, Mwenga; zvakangofanana nevaporofita ava vakadana maJudha kuti vabude muchiJudha, vachienda kuna Kristu, Yananiso. Uye Marudzi anotoziva Yananiso yacho nechekare,

asi kudana Mwenga kuti udzokere kuYananiso yepamavambo, uko aya masabata (50) iwo. . . Masabata 7 ese aya avakabva paari; kuvadana kuti vadzokere kunguva yekupedzisira. Manomwe. . . Teererai! Mutumwa weChechi yeChinomwe, mutumwa weHwamanda Nomwe, vose vaporofita. Zvino, ndizvozvo chaizvo.

Vakapfekedzerwa, ndivo 144,000.

<sup>292</sup> Kudana, Zvisimbiso, zvaiva kuMarudzi. Zvaifanirwa kuva kuMarudzi, kuzarura kuMarudzi, kuona Chechi yeMarudzi. Ndizvo zvoga zvatinoziva. Ndizvo zvoga zvatichateerera kwazviri; izvozvo zvakatopfuura kare. Tinotarisa Jesu.

<sup>293</sup> Unoti, “Zvino, mirai zvishoma, Hama Branham, ndinotenda kuti vachaita *izvi*.”

<sup>294</sup> Chiratidzo chekupedzisira icho Abrahama. . . Uye ndisu Mbeu yehumambo yaAbrahama; Mwenga. Chiratidzo chekupedzisira icho Abrahama akamboona chiratidzo chakavimbiswa chisati chauya. . . mwanakomana wevimbiso asati auya, chaiva chii? Mwari, vari muchimiro chemunhu, vaikwanisa kunzvera pfungwa dzevanhu; munhu mumwe chete, kwete dhazeni; munhu mumwe chete, zvisinei kuti vangani vanotevedzera. Vaiva neMumwe chete, uye Akanzvera pfungwa dzaivemo. Chii? Zvino, chinhu chinotevera chakaitika, Abrahama naSara vakadzokera pakuva murume nemudzimai wechidiki. Tinozviziva izvozvo.

<sup>295</sup> Zvino, ndinoziva kuti izvozvo zvinoita sekukudzipai zvishoma zvino. Asi, rangarirai, kuitira kuti muve nechokwadi chekuziva zvino. . . Hamuverengi Bhaibheri *sezvizi*; munoverenga pakati pemitsara moona, moita kuti mufananidzo wacho ubude.

<sup>296</sup> Tarisai. Sara akanga ari chembere, Bhaibheri rakadaro. Iye, ivo. . . “Chizvaro chake chaive chafa.” Ndizvo here? “Hupenyu hwaAbrahama hwakanga hwafa maari, mbeu yake.” Ndizvo here?

<sup>297</sup> Zvino, rangarirai, mbeu yaAbrahama yaive yakafa. Makore 40 akatevera akazova nevanakomana 7 nemumwe mudzimai. Chii chaVakaita? Vakashandura mitumbi yavo.

<sup>298</sup> Tarisai, vakatora rwendo rwemamaira 300, kudzika zasi kuGera, rwendo rwakareba kwazvo kumutana. Akati. . .

<sup>299</sup> Zvino Sara akatofunga kuti vaisagona kuva nehukama hwemhuri. Akati, “Ini. . .” Makore 20 kana kudarika, zvichida, vasina kumbova nehukama hwemhuri. Akati, “Ini chembere, nashe wangu, zvakarewo; tova nemufaro zvakare, sevanhu wechidiki?”

Akati, “Pane chinhu chakaomera Mwari here?”

<sup>300</sup> Cherechedzai zvakaitika. Pakarepo akabva adzokera pakuva mudzimai wechidiki akaisvonaka. Zvairatidza, imomo,

zvichiratidza zvaAchazoita kuMbeu yehumambo yaAbrahama, kuti agamuchire Mwanakomana akavimbiswa. Akadzokera kuva wechidiki. . .

<sup>301</sup> Tarisai, vakaenda zasi kuGera. Zvino chii chakaitika? Abhimereki, mambo, akamuda, akati, “Akarurama uye ane runako,” uye akanga ari kuzomuroora. Ndizvo here? Ambuya vakwegura; nevamwe vasikana vose vakanaka zasi ikoko. Ambuya zvavo, “Ane runako. Akanaka pachiso ukamutarisa.” Maona?

<sup>302</sup> Mwari vakashandura mutumbi wake, ndokuvadzosa kumashure. Ichakavanzika chiri kuzozarurwa zvino muzuva rino, neMwanakomana wemunhu, munoona, Mharidzo yemanheru. Maona? Vakavadzosazve! Uye ndicho chakava chiratidzo chekupedzisira chavakaona, chaiva (chii?) kunzvera zvakavanzika ikoko, kushanduka kwemutumbi kusati kwaya.

<sup>303</sup> Uye tisati tambogamuchira Mwanakomana, chii chinoitika? “Hwamanda yaMwari icharira; vakafa muna Kristu vachamuka kutanga, mutumbi mutsva; uye isu vapenyu vakasara tichashandurwa, kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso,” hareruya, “uye tichabvutwa pamwe chete, kunosangana naShe muchadenga.” Chakavanzika chakaziviswa; Zvisimbiso zvakazaruka.

<sup>304</sup> Hwamanda yakaririra Israeri; vaporofita 2 vagadzirira kuonekwa. Chii ichocho? Chechi inofanira kubva panzvimbo izvozvi, kuti vagone kuoneka. Havakwanise kushanda ne 2 panguva imwe chete; haVana kumbobvira vakadaro. Maona?

<sup>305</sup> Oo, hama, tarisai! Chaizvoizvo, kudaidza vese, kuvadaidza kubva mumasangano netsika. Zvino tinoona chechi yezera repentekosti yapera.

<sup>306</sup> Mwenga unofanira kubuda munzira, kuti ukwire kumusoro zvino; kuitira kuti varanda 2, varanda vaMwari 2, muna Zvakazarurwa, vaporofita 2, vagokwanisa kuonekwa panzvimbo, vagoridza Hwamanda yeChinomwe kwavari, kuzivisa Kristu kwavari.

<sup>307</sup> Ngirozi yechinomwe, mutumwa, anoti, “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika!” Kwete, “Tarirai Methodisti yangu, Baptisti yangu, Pentekosti yangu.” Asi, “Shoko, Mwanakomana waMwari, Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika,” nokuti hapana dzimwe nheyo dziripo! Maona?

<sup>308</sup> Tine nguva yakadini? MaJudha ave munyika yavo. Mwenga wakatodanwa. Maringe neMagwaro, zvinhu zvose zvinongova nenzira chaiyoio yaAkavimbisa. Tagadzirira. Nguva yacho yasvika.

Marudzi ari kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo zvakafanotaurwa neBhaibheri;

Mazuva eMarudzi ave kupera, azere  
nezvinotambudza;

“Dzokerai, O vakapararira, kune yekwenyu.”

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
Mwoyo yeparume yokundika nokutya;  
Zadzwai neMweya waMwari, ivai nemarambi  
enyu akagadzirwa uye akajeka,  
Tarisai kumusoro! Rudzikinuro rwenyu rwave  
pedyo.

Vaporofita venhema vari kunyepa, Zvokwadi  
yaMwari voiramba,  
Kuti Jesu Kristu ndiye Mwari wedu;  
(Ndizvozvo.)

Asi tichafamba pakafambwa nevaapostora.

Nokuti zuva rorudzikinuro rava pedyo,  
Mwoyo yeparume yokundika nokutya;  
Zadzwai neMweya, marambi enyu  
akagadzirwa uye akajeka, (Usaita  
zvedambe.)

Tarisai kumusoro! Rudzikinuro rwenyu rwave  
pedyo.

<sup>309</sup> Muporofita akati, “Kuchava neChiedza munguva  
dzemanheru.”

Kuchava neChiedza munguva dzemanheru,  
Nzira yemuKubwinya uchaiwana  
zvechokwadi;

Munzira yemumvura, ndicho Chiedza nhasi,  
Wakavigwa muZita raJesu rakakosha.  
Vaduku nevakuru, tendeukai pazvivi zvenyu  
zvose,

Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda  
mukati;

Zviedza zvevanheru zvauya,  
Ichokwadi chekuti Mwari naKristu Mumwe.

<sup>310</sup> Tasvika! Tave kumagumo. Hachisi chimwe chinhu  
chepuzi hwemumwe munhu. Iyi iZVANJI NAJEHOVHA.

Ngatikotamisei misoro yedu.

<sup>311</sup> Mwari vazere netsitsi, Jehovha, Samasimba vakatinhira  
paGomo reSinai; uye vanhu vakadanidzira vachiti, “Regai  
Mosesi ataure, uye kwete Mwari, nokuti tingafa.” Makati,  
Jehovha Mukuru, “Ndichavamutsira Muporofita. Handichatauri  
navo zvakare sezvizvi.” Asi Makavimbisa zvaMaizoita, uye  
Makazviita; Makatimutsira Ishe Jesu. Ndiye Shoko. Makati  
Aive ari. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga  
riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko  
rakaitwa nyama, rikaganga pakati pedu.”

<sup>312</sup> Tinoona zvinhu zvaAkaporofita kwatiri pano, kubudikidza nemuporofita waKe, Johane, pachitsuwa chePatimosi. Tinozviona zvichizadzikiswa, nemo-nemo. Tinoona Mweya Mutsvene uchiratidzwa pakati pedu pano panyika. Tinoona masangano akaMuburitsa kunze kwechechi; Shoko. Havana chavanopesana nevanhu vacho; iShoko iroro ravanovenga. Rinopesana netsika dzavo. SezvaMakanga muri pano panyika, Makanga muri Shoko, uye maipikisa tsika dzavo; zvino vakaKukandirai kunze kwemachechi avo, kwese-kwese.

<sup>313</sup> Uye zvino, Ishe, hapana kushandira pamwe, chero kupi zvako. Ndichiedza kutopinda muSouth Africa, uko kwandinoziva kuti kune imwe mweya ikoko ichakamirira nazvino. Nzvimbo dzose, uye zvinoita sokuti havasi kuzondigamuchira, Ishe. Kwete nekuda kwangu ini, Ishe; imhaka yeMharidzo iyi. Asi, Makati zvichava nenzira iyi, uye Makazvizivisa kwatiri kuitira kuti tisaodzwa moyo. Tinoziva nguva yatiri kurarama.

<sup>314</sup> Mwari, vanhu ava vagara muno mangwanani ano, mukamuri ino iri kupisa, iri kugocha pano. Vanyatsoteerera. Vave kuona zvino, ndine chokwadi. Kana vasiri, zvizarurei kwavari, Ishe, kuti sei Musina kunditendera kutora Hwamanda idzodzo. Ndinoona kuti hazvinei nechekuita nesu. Chaipo paHwamanda yeChitanhatu iyoyo, zvose zvakaitika, uye takatoona Chisimbiso cheChitanhatu chazaruka. Uye takaona chiratidzo pano, mavhiki 2 apfuura, chekufanoonekwa kweMwenga uye nechechi, sekutaura kwandakazviita pano. Sekungondiratidza kwaMakaita, Ishe, ndazvitaure. Hepano patiri. Nguva inogona kunge yatopera kupfuura zvatinofunga.

<sup>315</sup> O Baba, kana paine mumwe munhu pano mangwanani ano, a—achangobva kugamuchira zvimwe zveMweya-mweya, imwe runziro yedzidzo yebhaibheri, kana shoko remumwe mudzidzi webhaibheri rinopesana neShoko raMwari! Uye vasingazive Kristu wechokwadi, Mweya Mutsvene wemazvirokwazvo. Hazvina kuzarurwa kwavari, Shoko, nazvino, kuti Shoko rinofanirwa kuva rakadii muzuva rino. Vanongoona tsika chete. Ivo vari kurarama mu—muChiedza chinopofomadza. Sehugororo hukurusa hwati hwamboitwa munyika, hwaiva muEngland, hwakaitwa nechiedza chenhema. Uye hugororo hukurusa hwati hwambosangana nechechi yeNyu, ndeapo pavakatora chiedza chemasangano ndokuramba Chiedza chechokwadi cheBhaibheri, Kristu.

<sup>316</sup> O Mwari, ivaiwo netsitsi! Ponesai vakarasika, Ishe. Ndapota, ndinokumbira kwechinguvana zvakare, Jesu. Tine vadikanwi. Kwangosara nguva shoma chaiyo. Nenguva isipi Dombo guru iroro richachekwa kubva mugomo. Itaiwo, Ishe, kana paine ari pano mangwanani ano asina iMi, dai vakauya iko zvino, mukutapira, uye vaKugamuchirei.

<sup>317</sup> Takakotamisa misoro yedu. Kana ungasimudza ruoko rwako, woti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham.” Hatina... Maartari nezvinhu zvakazara. Mwari vakuropafadzei. Ingoti, “Ndirangarireiwo.” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Chaizvoizvo mazana emaoko!

<sup>318</sup> Mwari Baba, pane kamumvuri kadiki pane imwe nzvimbo. Kabviseiwo, Ishe. Vagara muno mukamuri ino. Regai... Satani anogona kunge akapofomadza meso avo, munguva dzakapfuura, asi ndinonamata kuti Mungorega kuzviona, sezvaMakatiitira mazuva mazhinji akapfuura. Asi zvino nekuti Munotidana tose kuti tione... Bhaibheri rakati vaiva mapofu. Havana kuzviziva. Akati, “Ndinokuraira kuti utenge kwaNdiri chizoro chemeso.” Mwari, shandisai chizoro chemeso mangwanani ano pameso avo, kuti vaone. Asi zvakadaro zvakandinipa, muboka revanhu vakaninipa; uye vakaninipa, vasina kudzidza, nevamwe vakadaro, asi zvakadaro ndizvo zvazvaiva zvakaita pakutanga. Zviitei, Ishe, kuti vaZvigamuchire iko zvino. Ndinovapa kwaMuri, muZita reMwanakomana weNyu, Jesu.

<sup>319</sup> Uye Makati, “Uyo anonzwa Shoko raNgu.” Ndine chokwadi, Ishe, nekuziva kwangu kwese, vaRinzwa. “Uye achitenda kuna iYe akaNdituma,” kwete kutenda kwekabanga, asi anotenda zvechokwadi, uye achitenda izvo zvakataurwa neShoko. “Ane Hupenyu husingaperi, uye haazosviki paKutongwa; asi apfuura kubva murufu achienda kuHupenyu.” Johane 5:24.

<sup>320</sup> Itai, Ishe, kuti vave veNyu, kubva panguva ino zvichienda mberi. Kana paine kusanzwisisa mupfungwa dzavo, kubvisei. Kana paine munhu anorwara pakati pedu, regai Mweya Mutsvene mukuru, Ishe,... Uyo, wandinoziva kuti aripo; uye achizarura pfungwa, amire pano papuratifomu. Vanoziva pamusoro pazvo zvose. Ndinonamata kuti Mugovapodza, Ishe. Pindurai mibvunzo yose.

<sup>321</sup> Chidziva chichange chakavhurirwa kune avo vasati vambonyudzwa muZita raJesu Kristu, vachitora Zita reChikomba. Vane rwemasangano, rwezvemachechi; hapana akambobhabhatidzwa mumadunhurirwa iwayo a “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” kana kusaswa; uye zvinhu izvi zvetsika zvinova zvemachechi ezera rino, boka raantiKristu, mufananidzo wechikara. Hapana akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” kusvikira chechi yeKatorike yazouya. Bhaibheri rose, nenhorondo yose, yakazotevera, inoti vakabhabhatidzwa muZita raJesu.


<sup>322</sup> Pauro akati, muna VaGaratia 8:1, “Kunyangwe Ngirozi inobva Kudenga ikauya yoparidza rimwe vhangeri, ngaive yakatukwa.” Uye Makaraira vanhu avo vakanga vabhabhatidzwa naJohane, mumwe cheteyo akabhabhatidza Jesu, kuti vaue kuzobhabhatidzwazve zvakare muZita raJesu

Kristu, muna Mabasa 19. Uye akati, “Usatomborega Ngirozi ichikuudza chimwewo chinhu.”

<sup>323</sup> Kuchauya mutumwa muzuva rekupedzisira, achatungamira vanhu kudzokera kuchibereko chepakutanga, kudzokera paKutenda kwepakutanga. Zviiteiwo, Ishe, kuti Mutumwa mukuru iyeye ari pakati pedu iye zvino, Kristu mukuru, Mweya Mutsvene akaratidzwa pachena, akapa kunzwisisa, achivhura Shoko nekuRizarura kwatiri, dai Akavatungamirira kudzokera paKutenda kwepakutanga, kwepentekosti. Sezvakataurwa naPetro, neZuva rePentekosti, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi.” Uye zvakagara zvakadaro, kumunhu wese, kusvika pachechi yeRoma paNicaea.

<sup>324</sup> Mwari, ivaiwo netsitsi zvino. Chidziva chichange chagadzirirwa; mwoyo yakazaruka. Pindai, Ishe Jesu. Tiri munguva dzekupedzisira. Kana paine kukwanisika, Ishe, kwekuti vapinde panguva ino; izvo, zvandinotarisa nekuvimba kuti kuripo. Uye isu tiri mukati, Ishe, dai tikazviongorora zvino, kuti takaona uye tikanzwa Inzwi raMwari richitaura kubudikidza neShoko raVo, uye tinoziva nguva yatiri kurarama. Zviiteiwo, Baba. Tinovakumikidza kwaMuri, muZita reMwanakomana weNyu.

<sup>325</sup> Zvino nemisoro yedu yakakotamiswa:

Zvinyoro-nyoro uye zvakapfava Jesu ari  
kudana,  
Kudana iwe . . . 

64-0719M Mutambo WeHwamanda  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)